ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№167 (22.075) ● 2011 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 7, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэрал псор къыдохъуэхъу

Ди цIыхухэм Iэтауэ ягъэлъэпIащ КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэр. А гуфIэгъуэмкIэ къызэрыдэхъуэхъу тхыгъэхэр Урысейм и щIыналъэ псоми къикIыу республикэм и къалащхьэм къэкIуащ. Дызэрыщыгъуазэщи, псом япэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къехъуэхъуар Урысей Федерацэм и Президентырщ. **Медведев Дмитрий** и телеграммэм къыщыхигъэщхьэхукIащ ди республикэм щалъхуахэм ящыщ куэд къэралым и щIэныгъэлI цIэрыIуэхэм, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэхэм зэрахэтыр, ди деж лъэпкъ куэд зэрыщыпсэур, дин зэмылIэужьыгъуэхэр зэрыщызэрахьэр. КъБР-м, хэхауэ къыщыгъэлъэгъуащ абы, мэкъумэш хозяйствэм псынщIэу зыщеужь, энергетикэм и IэнатIэм мыхьэнэшхуэ зиIэ проектхэр щагъэзащIэ. КIэухыу къэралым и Iэтащхьэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, абы ис псоми къохъуэхъу насып, ефIэкIуэныгъэ, фIыгъуэ яIэну.

Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен, КъБР-м и цIыхухэм апхуэдэу къехъуэхъуащ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и УнафэщI **Грызлов Борис**: «Фи щIыналъэм предприятэ инхэр, щэнхабзэм, щIэныгъэм, егъэджэныгъэм я IуэхущIапIэхэр къыщызэрагъэпэщащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым сытым и дежи увыпIэшхуэ щеубыд Урысейм и Кавказ Ищхъэрэм, абы и цIыхухэр я ехъулIэныгъэхэмкIэ къэралым щыцIэрыIуэщ. Мы зэманым республикэм зыубгъуауэ щолэжь щIыналъэм адэкIи зегъэужьыным хуэунэтIа къалэнхэр дэгъэкIыным. Лъэпкъ куэд щыпсэу фи республикэм и дежкIэ икъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ лъэпкъхэм яку дэлъ зэгурыIуэныгъэр гъэбыдэным, къызыхэкIа лъэпкъым емылъытауэ, дэтхэнэ зы цIыхуми хуэфащэ хуитыныгъэхэр къыхузэгъэпэщыным.

ФIэкIыпIэ имыIэу къызэнэкIыпхъэщ терроризмымрэ экстремизмымрэ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр аргуэру зэтреувэж зэпIэзэрыту зызыужь, инвесторхэмрэ туристхэмрэ дэзыхьэх щIыналъэу. Быдэу си фIэщ мэхъу фи жэнэт щIыналъэм и зэфIэкI псори нэгъэсауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм къызэрагъэсэбэпыфынур. Псоми сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ, ефIэкIуэныгъэ фиIэну, Къэбэрдей-Балъкъэрым, зэрыщыту Урысейм зегъэужьыным хуэгъэзауэ ехъулIэныгъэщIэхэр къэфхьыну».

Хъуэхъу телеграммэхэр апхуэдэу къагъэхьащ УФ-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Беглов Александр**, Къэрэшей-Шэрджэсым и Iэтащхьэ **Темрезов Рашид**, Ингуш Республикэм и унафэщI **Евкуров Юнус - Бек**, Тэтэрстан Республикэм и президент **Минниханов Рустам**, Ставрополь крайм и губернатор **Гаевский Валерий**, Осетие Ищхъэрэ - Аланием и унафэщI **Мамсуров Таймураз**, Волгоград областым и администрацэм и Iэтащхьэ **Бровко Анатолий**, Санкт-Петербург къалэм и Законодательнэ зэхуэсым и тхьэмадэ **Тюльпанов Вадим**, УФ-м и Къэрал Думэм Бюджетымрэ налогхэмкIэ и комитетым и унафэщI **Васильев Юрий**, Москва къалэм и Iэтащхьэ **Собянин Сергей**, УФ-м и Кинематографистхэм я союзым и тхьэмадэ **Михалков Никитэ**, кинорежиссер, Урысейм и цIыхубэ артист, Урысей Федерацэм и Президентым и деж Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ щыIэ комиссэм хэт **Сокуров Александр**, «ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и IэнатIэм реформэ щегъэкIуэкIыным зыщIэгъэкъуэнымкIэ фонд» къэрал корпорацэм и генеральнэ директор **Цицин Константин**, УФ-м и Правительствэм и деж щыIэ финанс университетым и ректор **Есчэндэр Мухьэрбий**, КъБР-м щыIэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Вербицкий Александр**, Урысейм и МВД-м и къэрал кIуэцI дзэхэм я Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэ командованэм и дзэхэм я унафэщI **Внуков Евгений**, «Ростелеком» ОАО-м и «Ипщэ» щIыналъэ къудамэм и вице-президент-директор **Шипулин Александр**, КъБР-м и лIыкIуэу УФ-м и Президентым и деж зэпымыууэ щыIэ **Щоджэн Мухьэмэд**, «Ипщэ» ассоциацэм и гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщI **Тепляков Александр**, «Газпром Межрегионгаз Пятигорск» ООО-м, «Газпром Межрегионгаз Ставрополь» ООО-м, «Ставрополькрайгаз» ОАО-м я генеральнэ директор **Уэршыкъуэ Рауль**, КъухьэпIэ Каспий псы бассейн управленэм и унафэщI **Курбанчиев Гусейн**, «Интерфакс» хъыбарегъащIэ агентствэм и генеральнэ директор **Комиссар Михаил** сымэ.

Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщI ПУТИН Владимир:

Никъуэдыкъуэхэм жылагъуэм щаIэ бгъэдыхьэкIэр хъуэжыпхъэщ

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и унафэщI, УФ-м и премьер-министр Путин Владимир Урысейпсо цIыхубэ фронтым и Зэзыгъэуlу советым и хэщIапIэм щаIущIащ жылагъуэмрэ никъуэдыкъуэхэмрэ я зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэм.

«ЗИ УЗЫНШАГЪЭМ сэкъат иIэ цIыхухэр гъащIэм хэпсэукIыфын папщIэ абыхэм я пенсэхэм хэбгъахъуэкIэ, гугъуехь зыIууэхэр зыфIэпхкIэ зэфIэкIынукъым, атIэ никъуэдыкъуэхэм жылагъуэм щаIэ бгъэдыхьэкIэр хъуэжыпхъэщ, - захуигъэзащ зэIущIэм кърихьэлIахэм Путин Владимир. - Зи узыншагъэм сэкъат иIэ сабийхэр щрагъаджэ школхэм я бжыгъэм 2016 гъэм ирихьэлIэу хуэди 8-кIэ хэхъуэн хуейщ - 1,2-м къыщыщIэдзауэ мини 10-м нэсыху. Иджыпсту апхуэдэ IуэхущIапIэу щыIэр процентиу 2,5-рэ хъууэ аращ».

АдэкIэ премьер-министрым къыхигъэщащ никъуэдыкъуэхэм я хуитыныгъэр нэхъыбэ зыщI, я Iэмалхэм хэзыгъахъуэ къэрал программэшхуэ мы гъэм зэрызэхалъхьар. Абы хухахыну я мурадщ сом мелард 50. Къищынэмыщ Iауэ, никъуэдыкъуэхэр IэнатIэкIэ къызэзыгъэпэщ IуэхущIапIэхэм, япэхэми хуэдэу, УФ-м и Правительствэм субсидиехэр яхуиутIыпщынущ.

«Кризисым дызэрыхыхьэу, никъуэдыкъуэхэр я IэнатIэхэм IуагъэкIыу щIадзащ. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр сэ телъыджэ сщыхъуащ», - жиIащ Путиным. Абдежым абы ягу къигъэкIыжащ апхуэдэу зи лэжьапIэ IуагъэкIхэм зэуэ сом мин 30 иратын хуейуэ къэралым зэригъэувауэ щытар, мы илъэсым ар сом мин 50-м зэрынэсар, а Iуэху бгъэдыхьэкIэр дяпэкIи къызэрагъэсэбэпынур. Апхуэдэу, Путин Владимир и псалъэхэм къазэрыхэщамкIэ, нэгъабэрэ 2011 гъэм и япэ илъэс никъуэмрэ къэралым и дэIэпыкъуныгъэкIэ зи узыншагъэм сэкъат иIэ цIыхухэм папщIэ лэжьапIэ IэнатIэу мин 12,8-рэ къызэрагъэпэщащ.

ЗэIущIэм щыжаIащ зауэм никъуэдыкъуагъ къыхэзыхахэм 2012 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ мазэ къэсыхункIэ я пенсэм зэрыхущIагъунур.

УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым къыхигъэщащ никъуэдыкъуэхэм папщIэ фIагъ лъагэ зиIэ техникэ къыщIэгъэкIыным Урысейм Iэмал имыIэу зыщегъэужьын зэрыхуейр. «Иджыблагъэ «АвтоВАЗ»-м и хэщIапIэм нэмыцэ фирмэм къыщIигъэкIын щыщIидзащ никъуэдыкъуэхэм къызэракIухь шэнтжьейхэр, - жиIащ Путин Владимир. - А Iуэхум адэкIи ди къэралым зыщегъэужьынымкIэ ар щапхъэфIщ. ИкъукIэ сыщогугъ Iуэху щхьэпэм адэкIи къыпащэну».

Къыхэгъэщыпхъэщ никъуэдыкъуэхэр зыхуэныкъуэ техникэ Iэмэпсымэхэр къэщэхуным хухах мылъкум зэрыхэхъуар. Дызэрыт илъэсым федеральнэ бюджетым абы щыхухахащ сом мелард 15,5-рэ.

УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым IэщэкIэ 3 ещIэу зэда къарухэм я ветеран никъуэдыкъуэхэр къигъэгугъащ IэкIэ зрагъакIуэ автомобилхэр пщIэншэу яритыну икIи зэIущIэм хэта, МВД-м и унафэщIым и къуэдзэ Кирьянов Виктор пщэрылъ щищIащ апхуэдэ машинэхэр ГИБДД-м я къэпщытэныгъэм щыпхыкIкIэ, Iуэхур нэхъ тыншу икIи псынщIэу зэфIагъэкIыным кIэлъыплъыну.

«Мыпхуэдэ зэIущIэхэр икъукIэ щхьэпэщ цIыхухэм я гукъеуэр зыхуэдэр къэпщIэнымкIэ, ахэр зыхэпщIэнымкIэ, - жиIащ зэIущIэм и кIэухым Путин Владимир. - Сэ согугъэ зи узыншагъэм сэкъат иIэхэр зыIууэ гугъуехьхэр зэфIэхыным хэкIыпIэ къыхуэгъуэтыным дызэгъусэу адэкIи дытелэжьэну. Абыхэм Хэкум и цIыху нэсу зыкъалъытэжын папщIэ, дэ тхуэфIэкI псори длэжьын хуейщ».

«Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и пресс-IуэхущIапIэ.

Японием щыщ IэщIагъэлI Фуджисавэ Шуджи семинар щхьэпэм къыщопсалъэ.

ПкIэлъейхэм уридэкIуеи укърехи мэхъу

●ЩIэ

«Ортопедиемрэ протезхэмкIэ Налшык центр» федеральнэ къэрал IуэхущIапIэ зэгуэтым иджыблагъэ щекIуэкIащ лъакъуэ зыпымытыжхэм папщIэ протезхэр щагъэхьэзыркIэ электрон Iэмалхэр къызэрагъэсэбэп щIыкIэм теухуа семинар.

АБЫ ЩАГЪЭЛЪЭГЪУАЩ Японием и фирмэхэм ящыщ зым игъэхьэзыр электрон Iэмэпсымэхэр зэрылажьэр, лъэгуажьэтес IэрыщIхэм ахэр зэрыхалъхьэ щIыкIэр.

Семинарым хэтащ протезхэр щащI Налшык центрым и унафэщI Ерыгу Руслан, протезхэм папщIэ электрон Iэмэпсымэхэр зыгъэхьэзыр япон фирмэм и Iуэхухэр Урысейм щызезыгъакIуэ «Антарес» ООО-м и генеральнэ директор Михайлов Михаил, а IуэхущIапIэм сатумкIэ и унафэщI Андреевэ Марьянэ, Японием щыщ IэщIагъэлI Фуджисавэ Шуджи сымэ.

Семинарым хэтахэм ирагъэлъэгъуащ микропроцессорхэм зрагъакIуэ лъэгуажьэтес IэрыщIхэр зэрылажьэ щIыкIэр. Ахэр къагъэсэбэпурэ ящI протезхэр лъакъуэ зыпымытыжхэм тынш дыдэу къагъэсэбэп, абыхэм уризекIуи, пкIэлъейхэм уридэкIуеи укърехи мэхъу.

КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.

ФIыщIэ псалъэ

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен деж

ПщIэ зыхуэтщI Арсен Башир и къуэ!

Ди гуми ди псэми къыбгъэдэкIыу фIыщIэ пхудощI Налшык къалэ щыщ «Нал цIыкIу» сабий ансамблыр ди деж щыхьэщIэну къэкIуэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу узэрыхъуам къыхэкIыу.

Дэ телъыджэ тщыхъуащ абыхэм я Iэзагъэр. Ар зэи пщымыгъупщэжыну хьэлэмэтт. КъБР-м щыщ сабийхэм ди Рихьэние, Кфар-Камэ адыгэ къуажэхэр ягу ирихьащ. Дэ ахэр унагъуэхэм ятедгуэшауэ щыIати, нобэми ди цIыхухэм ящыгъупщэркъым фи сабийхэм яхэлъ гъэсэныгъэр, щэныфIагъэр, абыхэм анэдэлъхубзэмрэ адыгэ хабзэмрэ фIыуэ зэращIэр. УмыгъэщIэгъуэнкIэ Iэмал иIэкъым абыхэм яхэлъ гулъытэмрэ жыIэдаIуагъэмрэ.

Израиль къэралым дэ къыщыддэпсэу лъэпкъхэм - хьэрыпхэм, журтхэм, друзхэм - къыддалъэгъуащ адыгэхэр дызэрымызеиншэр, ди щIыбым Урысей Иныр къызэрыдэтыр, дэ Хэку, Лъэпкъ, Бзэ, Щэнхабзэ зэрыдиIэр. А псоми дэ дрогушхуэ, пщIэ худощI икIи ахэр дыхуэсакъыу тхъумэнущ, Урысейм, КъБР-м, Адыгейм, КъШР-м ис лъэпкъхэм яхудиIэ зэныбжьэгъугъэм зедгъэужьынущ.

Апхуэдэу дэ щыгъуазэ утщIыну дыхуейщ «Нал цIыкIу» ансамблым зэрыригъэблэгъам тету, ди «Iуащхьэмахуэ» сабий ансамблыр Налшык нэкIуэну зэримурадым. Абы папщIэ дэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ ди ныбжьэгъухэм программэщIэ яхуэдгъэхьэзыращ КъБР-м и Къэралыгъуэр илъэс 90 зэрырикъуам теухуауэ. «Iуащхьэмахуэ» ансамблыр Налшык къалэ щыIэнущ 2011 гъэм фокIадэм и 21 - 28-хэм.

Ди гуапэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ефIэкIуэныгъэм хуэунэтIа лэжьыгъэм ехъулIэныгъэщIэхэр къыщыпхьыну, уэри уи Iыхьлыхэми узыншагъэ быдэ, ефIэкIуэныгъэ фиIэну.

«Iуащхьэмахуэ» ансамблым и унафэщIхэу
ХЪУН Щаукъий,
БЖЬЭДЫГЪУ Щаукъий.
Израиль, Рихьэние къуажэ.

●Шэрэдж куей

Зы махуи зэпыуркъым

Къэщхъэтау дэт консерв заводым лэжьыгъэхэр зы махуи щызэпыуркъым. Мы зэманым ирихьэлIэу мыбы къыщIигъэкIащ нащэ фIэIуу банкI 4000-м нэс.

ФIАГЪ ин зыбгъэдэлъ фIэIугъэхэм щIэупщIэшхуэ щаIэщ ди республикэми нэгъуэщI щIыналъэхэми. УнафэщIхэм зэрыжаIэмкIэ, ягъэхьэзыр продукцэхэм я щытыкIэр сыт и лъэныкъуэкIи зэлъытыжар илъэс куэд лъандэрэ мыбы щылажьэхэм ябгъэдэлъ Iэзагъырщ. Абыхэм яхэтщ илъэс 20-30 лэжьыгъэ гъуэгуанэ къызэпызычахэр. Заводым и цIэр фIыкIэ зыгъэIуа нэхъыжьхэр жыджэру ядолажьэ иджыблагъэ къэува ныбжьыщIэхэми.

Мы IуэхущIапIэм иджыпсту къыщагъэсэбэп Iэмэпсымэхэм жьы хъуа куэд яхэ тщ. Ауэ абы емылъытауэ дэтхэнэ зы лэжьакIуэри хущIокъу и къалэныр тэмэму къызэрырихьэлIэным. Предприятэм игъэхьэзыр фIэIугъэхэр занщIэу хъумапIэм яшэ, щэхуакIуэхэм зэрыращэным хуэдэу.

Илъэсыр икIыху адэкIэ зэлэжьын Къэщхъэтау дэт консерв заводым гъунэжу иIэщ. ХадэхэкIхэм я мызакъуэу, мыбы щагъэхьэзырынущ пхъэщхьэмыщхьэм къыхэщIыкIа ерыскъы лIэужьыгъуэщIэхэри.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

●Щэнхабзэ

Музыкэ театрым лэжьэн щIедзэж

Къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжа Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал музыкэ театрыр гуфIэгъуэ щытыкIэм иту къызэIуахыжащ.

РЕСПУБЛИКЭМ и Махуэм хуагъэхьэзыра а Iуэху дахэм хэтащ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм и къуэдзэ **Олейников Юрий**, КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен**, Правительствэм и УнафэщI **Гертер Иван** сымэ.

Театрыр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным республикэ бюджетым щыщу сом мелуани 195-рэ мин 6-м нэблагъэ хухахауэ щытащ. АбыкIэ и кIуэцIым щIэт коммуникацэр яхъуэжащ, щхьэгъубжэхэр, абджхэр, унащхьэр зэрахъуэкIащ, псы кIуапIэхэр, щIэжыпIэхэр, хуабэ гуэшыпIэхэр, токыр щIашащ. Апхуэдэу пластик щхьэгъубжэхэр, тхыпхъэхэр зыхэт абдж зэмыфэгъухэр халъхьащ, пэшхэр гипсокартонкIэ зэпрахукIащ, бжэхэр хагъэуващ, ламинатымрэ пхъэмрэ къыхэщIыкIа лъэгухэр иралъхьащ, сценэм и гупэмрэ и щхьэмкIэ къыщыблэ уэздыгъэхэр зэрызэхуагъакIуэ щIыкIэр зэтраухуащ, зэхозыгъэх, зэрагъэнэху Iэмэпсымэщ Iэхэр ягъэуващ.

ЦIыхухэр ягъэтыншын мурадкIэ, нэгузегъэужьыпIэ пэшым щIэта шэнтхэр иджырей нэхъ щабэм хуэдэкIэ зэрахъуэкIащ. Зи Iэпкълъэпкъым сэкъат иIэхэри зыщагъэгъупщакъым - ахэр езыр-езыру я гуцIыкIухэмкIэ щIыхьэфын хуэдэу, театрым и гупэм пандус дэкIуеипIэ хащIыхьащ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

●Гу зылъытапхъэ

ЩIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

«Урысейм и пощт» ФГУП ФПС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр IуэхущIапIэм 2012 гъэм и япэ мазихым и Iэ тедзэгъуэр пощт связымкIэ и къудамэ псоми фокIадэм и 1-м къыщызэIуех.

Фызыдихьэх газетхэмрэ журналхэмрэ 2012 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм Iэ щытевдзэ хъунущ ахэр и пIалъэм унэм ныфхуэзыхьыну е фыщыхуей зэманым къыщыватыжыну шэсыпIэу къэув пощт связым и къудамэхэмрэ почтамтхэмрэ.

Мы Iуэхум теухуауэ щIэупщIэну хуейхэм пощт связым и къудамэм и операторым зыхуагъазэ хъунущ.

ХэвмыгъэтIасэу Iэ тедзэным фыхуепIэщIэкI!

«Урысейм и пощт» ФГУП ФПС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр IуэхущIапIэ.

Дунейм щыщыбархэр

Израилыр зыщышынэр

Тыркум зэрыщыту зэтригъэувыIащ Израилым хуиIа зауэ-техникэ зыхъумэжыныгъэ, сату зэпыщIэныгъэ псори. Ар дыгъуасэ къыжиIащ Тыркум и премьер-министр Эрдоган Тайип икIи щIигъужащ абы я зауэлI кхъухьхэр зэпымыууэ ЩIыкурых тенджыз къухьэпIэмкIэ зэрытетынур, Израилым нэхъ пэгъунэгъуу.

А псом къыдэгъуэгурыкIуэу, Израилым и дзэм и управленэхэм ящыщ зым и унафэщI, генерал Айзенберг Эялем Лъэпкъ шынагъуэншагъэмкIэ институтым къыщыпсалъэу жиIащ «хьэрып гъатхэр» «ислъам щIымахуэ» хъууэ, журт къэралыгъуэм зыубгъуауэ зауэшхуэ кърашIылIэнкIэ шынагъуэ щыIэу.

Израилым и дзэзешэхэр, псом япэу зыхъумэжыныгъэмкIэ и министр Барак Эхуд, епIэщIэкIащ апхуэдэ шынагъуэ лъэпкъ зэрыщымыIэм и щыхьэтхэр къагъэлъэгъуэну, абыхэм Айзенберг ягъэкъуэншащ и къалэнхэм къимытIасэ Iуэхухэм химыщIыкIыу зэрытепсэлъыхьымкIэ.

Сириер къыщогугъ

Урысей Федерацэм Къэрал щIыб IуэхухэмкIэ и министерствэм къызэритымкIэ, Сирием и президентым политикэ, хъыбарегъащIэ IуэхухэмкIэ и чэнджэщэгъу Шаабан Бутаин къэрал IуэхукIэ Москва къокIуэ. ФокIадэм и 12-м ар Урысейми хамэ къэралхэми я журналистхэм я пащхьэ къыщыпсэлъэнущ, Сирием нобэ щыщыIэ щытыкIэр зыхуэдэм ахэр щыгъуазэ ищIу.

Блыщхьэм Урысей Федерацэм къэрал щIыб IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ Богданов Михаил IущIащ Сирием и лIыкIуэу Москва щыIэм. Ахэр тепсэлъыхьащ Сириеми абы и хъуреягъкIи щыщыIэ щытыкIэм, къэралитIым я зэхущытыкIэхэм зегъэужьа зэрыхъунум.

Богданов Михаил иджыри зэ щыхьэт техъуэжащ Сирием и къэрал Iуэхухэм хэIэбэну зыри зэрыхуимытым, ар зигу илъхэм пэуву, Москва хузэфIэкI псори зэрилэжьынум икIи къигъэлъэгъуащ къаугъэр зэтегъэувыIауэ гъащIэ мамырыр зэтегъэувэжыныр икIэщIыпIэкIэ Дамаск зэрыщалэжьын хуейр.

Ар пэж?

Кавказ Ищхъэрэм щыщыIэ щытыкIэм Европэр япэми хуэдэу тогузэвыхь. ЦIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ Европэм и Советым и комиссар Хаммарберг Томас дыгъуасэ ищIа докладым къызэрыхэщымкIэ, Кавказ Ищхъэрэм иджыри цIыхухэр щадыгъу, яубыдахэм гущIэгъ уншэу щыхущытщ. «Шынагъуэншагъэр зэрыщымыIэм къыхэкIыу цIыхум и хуитыныгъэхэм я лъабжьэр щIэуда мэхъу»,- щыжеIэ абы докладым.

«Терроризмым ебэнын хуейщ цIыхум и хуитыныгъэхэр, законхэр къызэпамыуду. Урысейм и властхэм а Iуэхухэр ялэжьыпхъэщ хабзэхъумэ мардэхэм къезэгъыу», - къыхегъэщ Хаммарберг Томас.

Комиссарым деIыгъ федеральнэ, щIыналъэ властхэм Iэщэр зыгъэтIылъахэр гъащIэ мамырым зэрыхашэж щIыкIэр икIи къелъытэ коррупцэр, IэщэкIэ зэщIэузэда гупхэр, терроризмыр зэпызыщIэ псори Урысейм икIэщIыпIэкIэ къыщызэпыудын хуейуэ.

НОБЭ

- Бразилие Федеративнэ Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - 1922 гъэм къэрал щхьэхуит хъуащ.
- Илъэс 70 и пэкIэ къызэрагъэпэщащ Совет Союзым и цIыхубзхэм я антифашист комитетыр.
- ФокIадэм и 7 - 9-хэм Крыницэ (Польшэ) щызэхэтынущ экономикэмкIэ XXI дунейпсо форум.
- Илъэси 155-рэ и пэкIэ яухуащ кхъухьхэм я зекIуапIэ Саймен кIэнауэр. Абы зэпещIэ Урысеймрэ Финляндиемрэ я псы транспорт IэнатIэхэр.
- ФокIадэм и 7 - 8-хэм Ярославль щекIуэкIынущ Ещанэ дунейпсо политикэ форум.

Дунейм и щытыкIэнур:
«meteonovosti.ru» сайтым къызэритымкIэ, нобэ уэфIу щытынущ. Хуабэу махуэм градус 22-рэ, жэщым градус 14 щыIэнущ.

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар ГЪУЩIО 3арифщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

КъаширгъитI зэрошхри, бзу и шхын къыдокI.

ГазкIэ къызэрагъэпэщ

АДЫГЕЙ. ***Щоджэн куейм газ бжьамий къудамэщIэ къыщызэIуахащ. А Iуэху гуапэм хэтащ Адыгейм и Iэтащхьэ ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий. Республикэр газкIэ къызэгъэпэщыныр къалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр абы къыхигъэщащ.***

АДЫГЕЙР газкIэ къызэрызэрагъэпэщар процент 75,5-м нэсащ. Иджы яутIыпща бжьамийм и фIыгъэкIэ, газыр Щоджэн куейм щыпсэухэм я процент 87-м ялъэIэсынущ.

ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий а махуэм Михайлов, Дорошенкэ жылагъуэхэм щыпсэухэм яIущIащ икIи хуэмыщIахэм ядэIэпыкъуным, пощт къудамэр зыхуей хуэгъэзэным, школым газ ешэлIэным, къуажэ клуб ухуэным теухуа Iуэхугъуэхэм къытеувыIащ.

ЦIыхуи 100-м щIигъу

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм инвесторхэр къерегъэблагъэ, псэукIэр ирегъэфIакIуэ. Урысей рейтингым абы 74-нэ увыпIэр щиIыгъамэ, иджы 64-м нэс дэкIуеящ.***

УФ-м Къэрал статистикэмкIэ и федеральнэ къулыкъум къызэритымкIэ, щытыкIэр къэзыгъэлъагъуэхэм ящыщщ гъащIэ шынагъуэншагъэр зыхуэдэр, рынок Iуэхутхьэбзэхэм я зыужьыныгъэр, лэжьыгъэ IэнатIэхэр зыхуэдизыр, нэгъуэщIхэри.

КъШР-м и унафэщIхэр яIущIащ Японием, Корее Ипщэм, Австрием щыщ хамэ къэрал инвесторхэм. Туризмыр, мэкъумэш хозяйствэр, энергетикэр республикэм и экономикэм и IэнатIэ пэрытхэу зэрыщытым хьэщIэхэр щыгъуазэ ящIащ. Iуащхьэмахуэ щIыпIэм бгы-рекреацэ комплексым зыщегъэужьыным теухуа проектымкIэ хамэ къэрал лIыкIуэхэр КъШР-м и унафэщIхэм ядэгуэшащ. Ар пхыгъэкIыным республикэм и сэбэп хэлъщ – цIыху 1000-м щIигъу лэжьыгъэкIэ къызэригъэпэщыфынущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Яковец Алексей и къулыкъу

Урысей Федерацэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министр армэм и генерал Нургалиев Рашид шыщхьэIум и 30-м къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, КъБР-мкIэ МВД-м Гъуэгу шынагъуэншагъэмкIэ къэрал инспекцэм и управленэм и унафэщIу ягъэуващ полицэм и полковник **Яковец Алексей Николай и къуэр.**

Яковец Алексей 1961 гъэм дыгъэгъазэм и 2-м къалъхуащ. Юрист щIэныгъэ нэхъыщхьэ иIэщ. Урысей МВД-м и еджапIэ нэхъыщхьэу Екатеринбург дэтым и «Юриспруденция», Свердловск дэт автомобиль техникумым «Автомобиль транспортыр къызэрагъэсэбэпыр» IэщIагъэхэм щыхуеджащ.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ IэнатIэм 1984 гъэм и шыщхьэIум лэжьэн щыщIидзащ. Свердловск областым щыIэ ГУВД-м и ГИБДД-м, ДПС-м и къудамэхэм илъэс 15-кIэ къулыкъу щрихьэкIащ. ГУВД-м и УБОП-м илъэси 10-кIэ щылэжьащ. Урысей МВД-м и дамыгъэхэр къыхуагъэфэщащ.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.

Джэдгъэф Борис и гуфIэгъуэ тIуащIэ

● Щапхъэ

МЫПХУЭДЭУ жаIэ: «Хъунур езыр мэхъу!» Сэ иджыблагъэ срихьэлIащ апхуэдэу зыхуэупсэ щIалэ гуэрым и шыфэлIыфэм, и щыIэкIэ-псэукIэм пщIэ хуащIу, «щытхъупсыр» кърагъэжэхыу тепсэлъыхь гуп. «Къэзылъхуам, къызыхэкIа лъэпкъым хуэфащэщ, лIыгъэ хэлъщ. Напэ иIэщ, уэлэхьи. Адэ-анэри, къызыхэкIа лъэпкъри, къыщыхъуа, гъуэгу тэмэм щытеува куейри иIэт ащ, игъэлъэпIащ, - хузэпащэр яфIэмащIэт.

- Хэт хъуну, къуэш, мыпхуэдизу яIэтыр? - соупщI тхылъыр и блэгущIэм щIэлъу гупым яхэт си цIыхугъэм.

- Ар зы псалъэкIэ бжесIэфынукъым. Мэ, мыбы еджи, щыгъуазэ уищIынщ, - тхылъыр къызет.

Ар теухуат Санкт-Петербург къалэшхуэм батэр щызыгъэш «Кировскэ завод» зэгухьэныгъэм и зэфIэкIхэмрэ а псор зи IэдакъэщIэкIыж лэжьакIуэ къэмылэнджэжхэм илъэс 200-м щIигъуауэ къакIуа гъуэгуанэ гугъумрэ. Тхылъым увыпIэ щхьэхуэ щаубыд мы зэман гугъум нэхъри зиужьын, япэкIэ кIуэтэн папщIэ топышэхэр, гъущI гъуэгу рельсхэр, вагонхэр, хьэлъэ зэраIэт машинэхэр, трактор лъэщхэр, нэгъуэщIхэри къыщIэзыгъэкI а IуэхущIапIэ иным и цIэр зыгъэIу, зыIэт лIыхъуэжьхэмрэ IэщIагъэлIхэмрэ. Щапхъэ къигъэлъагъуэу абыхэм яхэтщ адыгэ щIалэ. Ар Прохладнэ куейм хыхьэ Алътуд къуажэм 1931 гъэм къыщалъхуа Джэдгъэф Борисщ.

Абы и адэ Хьэжбий мэкъумэшыщIэу щытащ. Ауэ, зэрыжаIэщи, дыщэр и Iэпэм къыпыщырт. ЦIыхур зыхуей Iэмэпсымэхэр, нэгъуэщIхэр пхъэм, гъущIым, мывэм гъуэзэджэу къыхищIыкIырт. И Iэхэм ямыщIыф щыIэтэкъым.

Лъэхъэнэр гугъут, гъащIэщIэ яухуэрт, колхозхэр зэгухьэрт. Зызыужьхэр куэдым хуейт. И IэпщIэлъапщIагъымкIэ хэIущIыIу хъуа Хьэжбий Налшык дэт машзаводым ирагъэблэгъащ. Пхъэм, гъущIым къыхащIыкIыу къалэмрэ къуажэхэмрэ зыхуейхэр абы яхуищIу хуожьащ. Ауэ а зэманым зызыужьу щIэзыдза ди къэралым нэмыцэ фашист зэрыпхъуакIуэхэр къытеуащ. Зауэм Iутхэр, губгъуэм итхэр зыхуейхэмкIэ къызэгъэпэщыным, къутахэр зэгъэпэщыжыным елэжьащ. И IэщIагъэм IэнатIэм зэрыщыхуейр къалъытэри, дзэм ираджакъым.

И сабииплIыр - щIалитIымрэ хъыджэбзитIымрэ - къалэ школым щеджэрт. Псом хуэмыдэу, нэхъыжьыр - Борис - щIэныгъэм дихьэхт. ЗэрыщIэтIысхьэрэ «тху» фIэкIа къимыхьу, еплIанэ курыт школыр дыщэ медалкIэ къиухауэ щытащ. Дыщэ медаль №1-мрэ езы Борисрэ я сурэтхэр а еджапIэм и блыным ноби кIэрылъщ.

Я унагъуэм щызекIуэ хабзэ дахэм абы и гупсысэм зригъэузэщIырт, куэдым гу лъригъатэрт. И анэмкIэ и анэшхуэ ГуащэтIасэ Нартан къуажэм щыщти, гъэмахуэ лъэхъэнэм и нэхъыбэр а жылэм щрихырт. ГуащэтIасэ и адэ Урыс Джырандыкъуэ Къэбэрдейм и тету щыта Къылышбий СулътIанбэч и Iуэхузехьэ нэхъыщхьэу лэжьат, щIэныгъи акъыли бгъэдэлът. А унагъуэхэми щилъагъу щытыкIэ дахэр езыми зыхилъхьэрт. Борис и гъэсэныгъэм апхуэдэу сэбэпышхуэ хуэхъуащ щэнхабзэ ткIий, лъытэныгъэ тэмэм, захуагъэ зэрылъ Шыпш генералым и унагъуэр и Iыхьлыхэм ящыщу зэрыщытари.

Щисабиигъуэм илъэгъуахэр, зэхихахэр, нэхъыжьыфIхэм къабгъэдиха Iущыгъэр гъащIэм гъусэ пэж щыхуэхъужащ. «ЦIыхур ерыщу, къимыкIуэту щытын хуейщ», - ущиер Борис щIыгъу зэпытт икIи еджапIэ нэхъ тынш, IэщIагъэ къызэрыгуэкI къыхихыну зэи и гущхьэ къэкIакъым.

1948 гъэм дыщэ медалыр иIыгъыу Джэдгъэфыр Ленинград кIуэри, абы дэт политехникэ институтым щIэтIысхьащ. Зауэ нэужьым иджыри зыкъэзымыIэтыжа къалэшхуэм ущыпсэуныр, ущеджэныр гугъут жыпIэныр мащIэт - ерыскъыр, щыгъыныр хуабжьу зэпэубыдат. ИтIани Борис и хьэл-щэн ткIийм темыкIыу, къимыкIуэту еджапIэ нэхъыщхьэр диплом плъыжькIэ къиухащ.

А тхылъым Борис Iэмал кърет и мурадыр зригъэхъулIэну - ар «Кировскэ завод» производственнэ зэгухьэныгъэм уващ. НэхъапэкIэ щIалэм дзыхь къыхуэзымыщIахэри къахэкIащ, «мыр еджапIэкъым, къуэш цIыкIу» къыхужаIэу. Борис и Iэзагъэм хигъахъуэ зэпытт, и къалэныр дагъуэншэу игъэзащIэрт. Iэмэпсымэ абрагъуэхэр зыгъэлажьэхэм, гъущI зыгъавэхэм, жыр зыпсыхьхэм я лэжьэкIэм набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъырт, абыхэм ятеухуа тхылъхэм еджэрт.

Езэшрэ къикIуэтрэ имыщIэу зи пщэрылъыр зыгъэзащIэ щIалэм зыхэтхэм, я IэщIагъэлIхэм, зи унафэ щIэтхэм гу къылъатащ. Псом хуэмыдэу ягъэщIагъуэрт гугъуехьым зыпыIуидзыну, пэжыр щIихъумэну, къыгурымыIуэм къыпикIухьыну зэрыхэмытыр. Борис и псэм къищтэртэкъым пцIыупсхэр, щIэкIыпIэ лъыхъуэхэр, IэнатIэм и хабзэр къызэпызыудхэр. Цехым зыхъумэжыным ехьэлIа Iэмэпсымэхэр щащIырт. Ахэр хуагъэхьэзырыну къезыухылIа дзэ лIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэ къулыкъушхуэ зыбгъэдэлъыр заводым кIуат я Iуэху зытетыр зригъэщIэну, ирагъэщIхэм еплъыну, иригъэпIэщIэкIыну.

- Къысхуэгъэгъу, ауэ гъущI пыIэ пщхьэрымыгъыу цехым ущIэзгъэхьэнукъым, - жриIэгъауэ яIуэтэж.

«Емыш пшэрыхьщ», жыхуаIэрати, етIуанэ илъэсым щыхыхьэм Борис мастер хъуащ. Мартен цехым щIалэм куэд къыщищIащ, щилъэгъуащ, щицIыхуащ. И хьэл-щэнымкIэ, и гупсысэкIэмкIэ, и Iуэху зехьэкIэмкIэ и лэжьэгъу нэхъыжьхэри нэхъыщIэхэри къыдихьэхат. Псом хуэмыдэу абы къехъулIащ цIыхухэм зэрыдэлажьэр тэмэму убзыхуныр.

А щытыкIэхэр IэщIагъэлI щIалэм зэрызиIэтыну пкIэлъейм и япэ кукъуу къыхущIэкIащ. ЕтIуанэми ар зэрыхуэкIуар илъэсрэ ныкъуэрэщ. Апхуэдиз дэкIа къудейт Джэдгъэфыр кIыщ цехым и унафэщIым и къуэдзэу щагъэкIуам.

Мазищ къэс заводым и планхэр яIэтырт. Предприятэр абыхэм япэлъэщын папщIэ, и зэфIэкIым химыгъахъуэу хъунутэкъым. Абы щхьэкIэ адыгэ щIалэм и зыгъэпсэхугъуэ зэманыр къигъэсэбэпырт, и жей егъэныкъуэрт. ГупсысэщIэхэр къыхилъхьэрт, лэжьэкIэщIэу, пэрыту къэунэхухэр къипхъуатэрт, езым иригъэфIакIуэхэр утыкум кърилъхьэрт. Ахэр къызэрагъэсэбэпым цехымрэ заводымрэ я Iуэхур дигъэкIырт.

НыбжькIэ щIалэми, щIэныгъэшхуэ зиIэхэр, IэщIагъэлI цIэрыIуэхэр Борис и ныбжьэгъущ, кIуэгъужэгъущ, хэгъэрейщ. Тоннибл, пщыкIух, тIощI зи хьэлъагъ уадэ зрамыщIэжьхэр зи Iэпэхэм дэкIэрахъуэ, мэскъалкIэ къыщымыуэу зыгъэIурыщIэ, жыр нэхъ къабзэ, быдэ дыдэ зыгъавэ, зыпсыхь, ахэр зыхуей щапхъэм къизыгъэтIасэу машинэ пелуанхэм «Iэпкълъэпкъ» яхуэзыщI лIыхъужьхэр, абыхэм я дэIэпыкъуэгъухэр, IуэхутхьэбзащIэхэр ди хэкуэгъу Джэдгъэф Борис и хэщIапIэм, ар зи унафэщI IэнатIэшхуэм мин бжыгъэкIэ щылъащэрт.

Ауэ зэпIэзэрыту, гъэхуауэ екIуэкI лэжьыгъэр къызэпызыуд щымыIамэ, фIыт. ЗэрыжытIащи, Борис зи унафэщI етIуанэ цехым (КЦ-2-м) щIэт Iэмэпсымэхэм зи пIалъэр икIа я пкъыгъуэхэр зэрызэрахъуэкIын ямыIэу, жыр къабзэ дыдэ щагъэжкIэ халъхьэхэр ирикъуу къаIэрымыхьэу къыщыхъур мащIэтэкъым.

Апхуэдэ гугъуехьым щыхэт зэман гуэрым заводым и IэщIагъэлI нэхъыщхьэхэм ящыщ зым Джэдгъэфым зыхуегъазэ: «Хамэ къэралым щыщ IуэхущIапIэм дызэрыгурыIуар гъэзэщIа зэрымыхъум теухуауэ тхылъ къытхуэкIуащ. Сыт и хэкIыпIэ?»

- Лэжьэгъуэ зэманым пытщэнщ, зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр къэдгъэсэбэпынщ, - арат жэуапыр.

ЖиIамэ, зэфIэкIат, къикIуэт иIэтэкъым.

Заводымрэ щыпсэумрэ я зэхуакум уэрамдэкIитI нэхъыбэ дэлъми, и цехым къыщIэIукI макъхэр зэхихырт, абыхэм зыгуэр яхэкIуэдыкIамэ, занщIэу къищIэрт. Къэхъуам телефонкIэ щIэмыупщIэу, езыр кIуэрти, Iуэхур зэхигъэкIырт, пкъыгъуэхэр къэувыIамэ, IэщIагъэлIхэм я гъусэу иригъэжьэжырт. Сыт хуэдизрэ и лэжьапIэ пэшым нэху къыщекIа апхуэдэ щхьэусыгъуэкIэ?!

ЦIыхум егуапэкIыну, дэIэпыкъуну фIэфIт. Ди республикэм щыщу зыхуэзыгъазэхэм, и зэманыр къемэщIэкIми, я Iуэхур ядигъэпсынщIэрт. Зэгуэрым Джэдгъэфыр заводым щыхуэзащ «К-700» трактор лъэщым хуэдэ зращэну къагъэгугъа ди хэкуэгъу колхоз тхьэмадэм. ЗытекIухьар къыщищIэм, и Iуэхур псынщIэу хузэфIигъэкIащ. Апхуэдэ IуэхутхьэбзэуиIэ нэгъуэщIуи куэд бгъэдыхьахэм яхуищIащ, ноби зэрыхуэхъукIэ ядоIэпыкъу.

Дуней псом щыцIэрыIуэ дирижер Темыркъан Юрэрэ Джэдгъэф Борисрэ зэныбжьэгъуфIщ, я унагъуэхэри благъэ зэхуэхъуауэ къалэшхуэм щызэдопсэу.

Къалэнышхуэ бгъэдэлъым щиIэ ехъулIэныгъэхэм, IэнатIэр ефIэкIуэн папщIэ лъэжьыпхъэхэм теухуауэ къыхилъхьа рационализатор IуэхугъуэхэмкIэ къапэкIуэу Джэдгъэф Борис къыхуагъэфэщащ ГуащIэдэкIым и Бэракъ Плъыжь, Октябрь Революцэ орден лъапIэхэмрэ медалхэмрэ.

Мы зэманым Джэдгъэфым зегъэпсэху. Езымрэ и щхьэгъусэ Евгениерэ щIалитI зэдапIащ: зыр США-м щолажьэ, адрейр Мэзкуу щопсэу.

Зи къарур, зэфIэкIыр, акъылыр ди къэралышхуэм и зыужьыныгъэм зыщымысхьыжу хуэзыгъэлэжьа, унагъуэ дахэм и тхьэмадэ, IэщIагъэлI, унафэщI гъуэзэджэ Джэдгъэф Борис Хьэжбий и къуэр 2011 гъэм и дыгъэгъазэм илъэс 80 хъунущ. ИкIи Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и илъэс 90 юбилейр щыдгъэлъапIэ гъэм ар зэрыхуэзар гуфIэгъуэ тIуащIэщ. Сыту жыпIэмэ, Джэдгъэфыр лъэпкъ цIыкIум и цIыхушхуэщ.

БЕКЪАН Чыланий.



ЩIэм и лъыхъуакIуэ

● ДифI догъэлъапIэ

Бахъсэн куейм хыхьэ Къулъкъужын Ипщэ къуажэм дэт курыт школ №1-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж, филологие щIэныгъэхэм я кандидат Нэхущ Залинэ зи IэщIагъэм хуэIэижь, Iуэху зехьэкIэ пэрыт зиIэ лэжьакIуэщ. ЩIэблэм щIэныгъэ куу яриту, сабийхэр фIым, дахагъэм хуиущийуэ и IэнатIэр ныкъусаныгъэншэу ирехьэкI Нэхущым.

Нэхущ Залинэ

ЗАЛИНЭ и дерсхэр дапщэщи къызыхуэтыншэу зэхэгъэуващ, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм и мардэ псори къыщылъытауэ, егъэджэныгъэм и Iэмал пэрытхэр лэжьыгъэм къыщигъэсэбэпу. ЩIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ егъэджакIуэр сытым дежи хущIокъу и Iуэху зехьэкIэр зэрыригъэфIэкIуэным, и Iэзагъым зэрыхигъэхъуэным. Ар и зэфIэкIхэмкIэ, и Iуэху зехьэкIэ пэрытымкIэ ядогуашэ къыдэлажьэхэм, езыр и ныбжькIэ щIалэми, адрей егъэджакIуэхэм яхуэщхьэпэн чэнджэщхэр яретыф.

Нэхущым и гъэсэнхэр езым хуэдэу жыджэрхэщ, щIэныгъэщIэхэм я лъыхъуакIуэщ, къэхутакIуэ ныбжьыщIэхэщ. Абы сабийхэр къызэрыдихьэхыр бгъэдэлъ щIэныгъэ куум и закъуэкъым, атIэ и хьэл-щэн зэпIэзэрытымкIи, Iурылъ адыгэбзэ къабзэмкIи еджакIуэ цIыкIухэр етхьэкъу. И гъэсэнхэр и гъусэу Залинэ щIэх-щIэхыурэ хэтщ школпсо, куейпсо, республикэ зэпеуэхэм, увыпIэфIхэри къыщехь. Залинэ пэрыт щыхъуащ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэми «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ екIуэкIа «УФ-м и егъэджакIуэ нэхъыфI» къэралпсо зэхьэзэхуэми. Апхуэдэ зэфIэкI лъагэхэм къыхэкIыу егъэджакIуэм мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, Бахъсэн куейм егъэджэныгъэмкIэ и IэнатIэм къабгъэдэкI щытхъу, фIыщIэ тхылъхэр.

Анэдэлъхубзэр езыгъэджхэм я зэфIэкIыр щагъэлъагъуэ Ещанэ урысейпсо мастер-класс 2009 гъэм щекIуэкIащ ди къэралым и щыхьэр Мосвка. МахуищкIэ зэхэта а зэIущIэр ирагъэкIуэкIащ УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэмрэ щIэныгъэм зегъэужьынымкIэ абы и федеральнэ IуэхущIапIэм Лъэпкъ щIэныгъэ IуэхухэмкIэ и институтымрэ. Ди республикэм къыбгъэдэкIыу лъэпкъыбзэхэр езыгъэджхэм я къэралпсо зэхьэзэхуэм хэтащ Нэхущыр.

- СызэригугъэмкIэ, гъащIэм апхуэдэ къызэрыщыхъур зэщ. А зэми Iуэхум хуэIэижьу зыкъэбгъэлъэгъуэныр, адрей щIыналъэхэм я лIыкIуэхэм уакъыкIэрымыхуным, ублэмэ япэ уищыным уи гур теухуауэ щытыныр къалэнышхуэт си дежкIэ. Ипэ илъэсхэм апхуэдэ зэпеуэхэм щыIа си лъахэгъухэм я пщIэр зэрызмыгъэлъэхъшэным сыхущIэкъуну сигу ислъхьат, - зэпеуэм зэрыхэтар игу къегъэкIыж Залинэ. - ТыншкъымкъодаIуэхэр фIыуэ плъагъуу уи лъахэм, уи еджапIэм, уи лэжьыгъэм дакъикъипщIым кърыубыдэу щыгъуазэ пщIыну. Мыбдеж къыщыдгъэсэбэпащ 16-нэ лIэщIыгъуэм Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ я зэхуаку дэлъа зэпыщIэныгъэхэр, ди лъахэгъухэм ящыщу адыгэм и цIэр къэралпсо, дунейпсо утыкухэм фIыкIэ щызыгъэIуахэр, ди республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен и жэрдэмкIэ иджыпсту ди щIыналъэм щекIуэкI лэжьыгъэ щхьэпэхэр, псом хуэмыдэу абы егъэджэныгъэм, щIэблэр хэкупсэу гъэсэным гулъытэ щхьэхуэ зэрыхуищIыр къэдгъэлъагъуэу. Ди школым щекIуэкI лэжьыгъэри гулъытэншэ сщIакъым. Си псалъэхэм щыхьэт ятехъуэ дэфтэрхэри, сурэтхэри, видеотеплъэгъуэхэри згъэхьэзырат.

Залинэ къэралпсо зэпеуэм хэтам и мызакъуэу, «Методикэ жыджэрагъымрэ Iэзагъымрэ» унэтIыныгъэм пашэ щыхъуащ, апхуэдэуи УФ-м и щIыналъэ 19-м я егъэджакIуэхэр зыхэта «Си лъахэ, си школ, си IэнатIэ» презентацэми адрейхэм щатекIуащ.

Дауи, Нэхущым и дэтхэнэ текIуэныгъэми ирогушхуэ республикэм и егъэджакIуэхэр, Залинэ и адэ-анэр, ар къызыхэкIа Нэхущ лъэпкъыр, и къуажэгъухэр икIи республикэм ифI, и ехъулIэныгъэ къызэрыкI IуэхуфI куэдкIэ иджыри щогугъ.

КЪАРДЭН Маритэ.
Бахъсэн район.

● ЩIэныгъэ

КъБКъУ-м и ректор Къарэмырзэ Барэсбий

КъБР-м и Аруан районым хыхьэ Джэрмэншык къуажэм 1947 гъэм щэкIуэгъуэм и 10-м къыщалъхуащ. 1969 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым физикэмкIэ и къудамэр къиухащ, 1975 гъэм - кандидат, 1990 гъэм - доктор диссертацэхэр пхигъэкIащ. Кафедрэм и ассистенту къыщIидзэри, университетым и ректор къулыкъум нэсащ ар.

ПЕТРОВСКЭ академиемрэ АкмеологиемкIэ академиемрэ я действительнэ членщ, РАЕН-м и член-корреспондентщ. ЩIэныгъэ лэжьыгъэу 150-м щIигъу иIэщ.

Къарэмырзэм къыхуагъэфэщащ «Москва илъэс 850-рэ ирикъуащ» фэеплъ медалыр, УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм и ЩIыхь тхылъыр. 2003 гъэм абы къыфIащащ «УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр. Апхуэдэу Петр Иным и цIэкIэ щыIэ цIыхубэ сау гъэтыр кърататщ. Ар КъБР-м и Парламентым и депутатщ, Урысейм и ректорхэм я союзым хэтщ, КъБР-м и ректорхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIщ.

ГъащIэ гъуэгум и гъуазэ

ЕгъэджакIуэ. А псалъэм и мыхьэнэкIи, и купщIэкIи куэд къызэщIеубыдэ. Нэхъ балигъхэр къэткIуа ди гъуэгуанэм дыхуеплъэкIыжмэ, IупщIу абы къыхэбелджылыкIхэм яхэтщ егъэджакIуэр, сыту жыпIэмэ дэтхэнэм ди гъащIэми абы увыпIэ щхьэхуэ щеубыдри, диIэ гупсысэкIэри дуней еплъыкIэри зыхуэдэр ди школ егъэджакIуэм зыкъомкIэ елъытащи. Апхуэдэу щIэблэ зыбжанэм ягу къина егъэджакIуэхэм ящыщщ ноби а IэнатIэр псэ хьэлэлу езыхьэкI, адыгэбзэмрэ литературэмрэ Сэрмакъ дэт курыт школ №2-м щезыгъэдж Мэшыкъуэ (Бекъул) Iэсият.

Мэшыкъуэ Iэсият

ЕГЪЭДЖАКIУЭ IэщIагъэм ирилэжьэн зэрыщIидзэ лъандэрэ Мэшыкъуэм и Iуэху зехьэкIэ пэрытым, лэжьыгъэм хуиIэ жэуаплыныгъэм, и IэкIуэлъакIуагъым хэхъуэ зэпытщ. А псоми я лъабжьэ быдэр егъэджакIуэм бгъэдэлъ щIэныгъэ куурщ, мызэмытIэу адыгэбзэмкIэ куейпсо, республикэпсо зэпеуэхэм щигъэлъэгъуа зэфIэкI лъагэрщ. Апхуэдэ зэхьэзэхуэхэм текIуэныгъэфIхэр сыт щыгъуи къыщахь Iэсият и гъэсэнхэми. Лъэпкъыбзэр щIэблэм егъэджынымкIэ зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм папщIэ Мэшыкъуэм 1990 гъэм къыфIащащ «ЕгъэджакIуэ-методист» цIэр.

Курыт школым адыгэбзэ щезыгъэджхэм ящIэ а предметхэмкIэ методикэ пособиехэр, зэрыгъуэзэн тхылъхэр, карточкэхэр, тестхэр егъэджакIуэхэм къазэремэщIэкIыр. Дерсыр фIыуэ итын щхьэкIэ, апхуэдэ лъэпощхьэпохэр зэи зэран зыхуигъэхъуркъым Мэшыкъуэм. Абы езым екIуу къызэрегъэпэщыж методикэ и лъэныкъуэкIэ урокым ехьэлIапхъэ псори икIи ехъулIэныгъэ иIэу ахэр лэжьыгъэм къыщегъэсэбэп. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм еджакIуэхэм анэдэлъхубзэм хуаIэ гукъыдэжыр нэхъри къеIэт, абы и IэмалхэмрэкъулеягъымрэзахрегъащIэ.

Iэсият фIы дыдэу къыгуроIуэ урок къудейкIэ иджырей еджакIуэхэр нэсу къызэрыпхудэмыхьэхынур, лъэпкъыбзэмрэ литературэмрэ фIыуэ зэрыпхуемыгъэлъагъунур. Абы къыхэкIыу и лэжьыгъэм шэщIауэ къыщегъэсэбэп класс щыб егъэджэныгъэри. Абы къызэщIеубыдэ зэпеуэ хьэлэмэтхэр, зэхуэзэ купщIафIэхэр, дерс зэIухахэр, гупжьейхэм щригъэкIуэкI зэхыхьэхэр. Абы и дерсхэм иджырей технологием и Iэмалхэри къыщегъэсэбэп. ЩIэблэм щIэныгъэ етыным, гъэсэным апхуэдэу егугъу егъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэм пщIэрэ нэмысрэ къыщыхуащI щылажьэ школми щыпсэу жылэми.

Дзэлыкъуэ куейм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэджхэм я методикэ зэгухьэныгъэм илъэс 20-м щIигъуауэ и унафэщIщ Iэсият. А зэманым къриубыдэу абы гъуэгу захуэм тригъэуващ егъэджакIуэ ныбжьыщIэ куэд. Апхуэдэу зы гъи къанэркъым щыпIэм и егъэджакIуэхэр я зэфIэкIхэмкIэ щызэдэгуашэ зэхуэс купщIафIэхэр къызэримыгъэпэщу. Мэшыкъуэм бгъэдэлъ щIэныгъэ куур, зэфIэкI лъагэр къалъытэурэ, ар мызэ-мытIэу хагъэхьащ КъБКъУ-м и филологие институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэм щIэтIысхьэну ныбжьыщIэхэм экзамен къаIызых къэпщытакIуэ комиссэм. Апхуэдэ пщIэ зыгъуэтыр егъэджакIуэ зырызыххэщ. Апхуэдэу, егъэджакIуэм и Iуэху еплъыкIэхэмрэ гупсысэхэмрэ жылагъуэм деж нахьэсын мурадкIэ, ар куэдрэ къыщагъэпсалъэ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом, телевиденэм.

1998 гъэм Мэшыкъуэм къыхуагъэфэщащ «КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэр. Ар Iэсият и ужьрей текIуэныгъэкъым. «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэм и лауреатщ, иужьрей илъэсхэм абы и къэпщытакIуэ гупым хэт Мэшыкъуэ Iэсият илъэси 3 и пэкIэ хэтащ Анэдэлъхубзэр езыгъэджхэм я ЕтIуанэ урысейпсо зэпеуэу Москва щекIуэкIам икIи «ЕгъэджакIуэ-къэхутакIуэ» унэтIыныгъэм пашэ щыхъуащ. Абы къыхуагъэфэщащ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и ЩIыхь тхылъыр, зэпеуэм зэрыхэтам, и зы унэтIыныгъэм зэрыщытекIуам папщIэ абы и къызэгъэпэщакIуэхэм къабгъэдэкI дипломыр.

ЩХЬЭНЫКЪУЭ Мусэбий,
егъэджакIуэ.
Дзэлыкъуэ район,
Ашэбей къуажэ.

● Жыжьэ - гъунэгъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и илъэс 15-р егъэлъапIэ. Налшык и уэрамым ящыщ зым ирокIуэ адыгэ цей зыщыгъ пщащэхэр.
Сурэт тыр ЩЕК ОЧИХИН Владимир *трихащ. 1936 гъэ, фокIадэм и 1.*

ФэтэрыщIэхэм я IункIыбзэIуххэр ират

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэр илъэс 90 зэрырикъур щагъэлъапIэм ирихьэлIэу Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм зи къалэн зыгъэзэщIэу хэкIуэда я лэжьакIуэхэм я унагъуэхэм фэтэрыщIэхэм я IункIыбзэIуххэр щратащ.

● Гулъытэ

УРЫСЕЙ Федерацэм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм, КъБР-мкIэ МВД-м я унафэщIхэр зи къалэн зыгъэзэщIэу хэкIуэда полицэм и лэжьакIуэхэм я унагъуэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зэрызыщIагъэкъуэным яужь итщ. Япэ ирагъэщхэм ящыщщ ахэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыныр.

Иужь зэманым федеральнэ бюджетым, «Лъэпкъ псапащIэ фонд» урысейпсо жылагъуэ фондым я мылъкукIэ фэтэр пщIы бжыгъэхэр къащэхуащ. КъБР-мкIэ МВД-м шыщхьэIум и 31-м аргуэру унагъуиплIым фэтэрыщIэхэм я IункIыбзэIуххэр щратащ.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ полицэм и полковник Васильев Сергей къызэхуэсахэм защыхуигъазэм, Урысей МВД-м къэрал къулыкъумрэ кадрхэмкIэ и департаментым, «Лъэпкъ псапащIэ фонд» Урысейпсо жылагъуэ фондым фIыщIэ яхуищIащ. 2010 гъэм и щэкIуэгъуэм щыщIэдзауэ абыхэм я мылъкукIэ сом мелуан 47-рэ мин 244-рэ и уасэ фэтэр 19 къащэхуащ. Фондыр мы зэманым хоплъэ иджыри унагъуи 6-м псэупIэхэр къахуэщэхуным.

2011 гъэм и пэщIэдзэм Урысей МВД-м ТылымкIэ и департаментым сом мелуани 3-рэ мин 679-рэ зыхуэзэ псэупIэ сертификатитI яхухихащ.

Зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда хабзэхъумэхэм я унагъуэ 13-м сом мелуан 12-рэ мин 500-рэ (дэтхэнэми сом мин 500) дызэрыт илъэсым КъБР-м и Правительствэм яритащ. КъБР-мкIэ МВД-м и лъэIукIэ унагъуи 2-м сом мелуан 781-рэ яIэрыхьащ.

КъБР-мкIэ МВД-м а унагъуэхэм щапI сабийхэм гулъытэ хэха хуещI. Школыр къэзыуха ныбжьыщIэ 11-м къыхаха IэщIагъэмкIэ къэралым и еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэтIысхьэныр Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм щIыгъуу абы къызэригъэпэщащ. Урысей МВД-м Социальнэ программэхэмкIэ и центрыр къыдэIэпыкъури, зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я сабий 21-м Болгарием щыIэ «Астра» лагерым зыщагъэпсэхуащ, я узыншагъэр щрагъэфIэкIуащ.

Васильев Сергей Урысейм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министр армэм и генерал Нургалиев Рашид полицэм и лэжьакIуэ хэкIуэдахэм я унагъуэхэм гулъытэ зэрагъуэтым папщIэ фIыщIэ лей хуищIащ. «Хамэ гуауэ щыIэкъым,- къыхигъэщащ министрым. - ХэкIуэда ди лэжьэгъу-ныбжьэгъухэм я унагъуэхэр зыми хуэмыныкъуэн и лъэныкъуэкIэ тхузэфIэкI псори длэжьынущ».

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Гертер Иван республикэм и къэкIуэну дахэм папщIэ зи гъащIэр зыта полицэм и лэжьакIуэхэм пщIэ яхуищIри, КъБР-м и Президентым, республикэ властым абыхэм я унагъуэхэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ защIэгъэкъуэнымкIэ зэфIагъэкIхэм къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ.

- Мы зэманым Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и IэнатIэм щIэпхъаджагъэмрэ террорымрэ ебэнынымкIэ къалэнышхуэ егъэзащIэ, - жиIащ Урысей МВД-м Къэрал къулыкъумрэ кадрхэмкIэ и департаментым и IуэхущIапIэм и инспектор нэхъыщхьэ къэрал кIуэцI къулыкъум и подполковник Косухин Дмитрий.

- Иужьрей илъэсипщIым «зауэм Iут министерствэ» ауэ жаIэркъым. Дэ сыт щыгъуи дигу илъынущ икIи яхуэфащэ пщIэ яхуэтщIынущ ди ныбжьэгъухэм - хахуагъэмрэ лIыхъужьыгъэмрэ я щапхъэ зыгъэлъэгъуа фи къуэхэм, щхьэгъусэхэмрэ адэхэмрэ, - къыхигъэщащ абы.

Жылагъуэ, къэрал лэжьакIуэ цIэрыIуэ, КъБР-мкIэ МВД-м и деж щыIэ Жылагъуэ советым хэт Туменов Мурадин къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ IэнатIэм республикэм жылагъуэ хабзэр, цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным хуищI хэлъхьэныгъэм гулъытэ хуищIащ. Абыи КъБР-м щыIэ МВД-м и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Думай Бориси Къэбэрдей-Балъкъэрым террор шынагъуэр щыгъэмэщIэнымкIэ республикэм и хабзэхъумэ IэнатIэм и унэтIыныгъэхэр зэрыдаIыгъыр къыхагъэщащ.

Полицэм и лэжьакIуэ хэкIуэдахэм я унагъуэхэм ягъуэта хэщIыныгъэр зэи пхуэмыгъэзэкIуэжынщ. Ауэ фэтэрыщIэхэм я IункIыбзэIуххэр щыIэщIалъхьэм, нэхъыщхьэр - къыхуащI гулъытэр - зэрызыхащIэр абыхэм къыхагъэщащ.

Васильев Сергей апхуэдэ гуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я унагъуэхэм дяпэкIэ къимыхьэн папщIэ яхузэфIэкI псори зэрызэфIахынур жиIащ, лейзехьэхэм тезыр ткIий зэрытралъхьэнур, ялэжьамкIэ жэуап зэрахьынур къыхигъэщащ.

КъБР-мкIэ МВД-м я къалэн ягъэзащIэу хэкIуэда и лэжьакIуэхэм я цIэхэр къызытещ мемориал пхъэбгъум деж къызэхуэсахэм удз гъэгъахэр тралъхьащ.

А махуэ дыдэм Урысеймрэ КъБР-мрэ я МВД-хэм я унафэщIхэр IункIыбзэIуххэр зратахэм я фэтэрыщIэхэм щыIащ, я псэупIэр зэпэщ ящIынымкIэ къахуэсэбэпыну саугъэтхэр иратащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Адыгэ джэгуакIуэ, лъэпкъ усакIуэ щIэрыIуэ

Агънокъуэ Адэлджэрий (Лашэ) къызэралъхурэ 2011 гъэм илъэси 160-рэ ирокъу

АГЪНОКЪУЭ ЛАШЭ (и цIэ дыдэр Адэлджэрийт, ауэ и анэр ЛашэкIэ еджэурэ, абы къытенат) Уэсмэн и къуэр 1851 гъэм Старэ Шэрэдж (Дохъушыкъуей) къуажэм къыщалъхуащ.

Адыгэхэмижь зэман лъандэрэ джэгуакIуэ-усакIуэхэр куэду диIащ. Ахэр цIыхухэм фIыуэ ялъагъуу, абыхэм щIыхьышхуэ хуащIу, хуитыныгъэ лей яIэу щытащ. «Уэрэдус - пщыпсэIух» жиIэу диIэщ адыгэм псалъэжь. Абы къегъэлъагъуэ уэрэдусым лъэкIыныгъэу, фIэлIыкIыу иIар зэрыиныр. Адыгэ джэгуакIуэ-усакIуэм апхуэдиз лъэкIыныгъэрэ щIыхьрэ яIэти, абы зыгуэр IэщэкIэ пэувын дэнэ къэна, жиIамкIэ мыарэзыуэ псалъэ пидзыжыну зыми лъэкIыртэкъым, ар езыр тепщэныгъэр зыIыгъ лIакъуэлIэшхэм ящыщу щытми. Ар къызыхэкIыр мырат: япэрауэ, а зэманым джэгуакIуэ-усакIуэхэм я закъуэт зыми щымышынэу цIыхубэм я гурылъыр къэзыIуатэр. Абы и нэм илъагъур а дакъикъэм и уэрэдым хилъхьэрт. А зэрилъагъу, зэрыщыт дыдэм хуэдэу. НехьэкI-къехьэкI имыIэу, нэфI-ней хэмылъу, зыхуэусэм и пщыгъэ, и къулеигъэ емыплъу икIи фIэмылIыкIыу. ЕтIуанэу, джэгуакIуэ-усакIуэм апхуэдизкIэ шэрыуэу, зэгъэкIуауэ а зыхуэусэр уэрэдым хилъхьэрти, а уэрэдыр иужькIэ нэгъуэщIу жыпIэжыфынкIэ Iэмал иIэтэкъым. Ещанэу, джэгуакIуэ-усакIуэм иуса уэрэдыр япхъуатэрти, щIэх дыдэу цIыхубэм зэлъащIысырт, «зы жьэм жьэдыхьэр, жыщэм жьэдохьэ» жыхуаIэрати, псом я деж кIи нахуэ хъурт. Мис арат пэж жызыIэ джэгуакIуэ-усакIуэр пщы залымхэм дежкIэ апхуэдизу псэIухыу щIыщытыр, ефэнды-молэхэм ар ялъагъу щIэмыхъур, дэтхэнэ зы къэрабгъэми хуэмыхуми, джэгуакIуэр илъэгъуамэ, щIызыкъуидзэр.

Къулейуэ щымытми, уэркъым къыхэкIа Агънокъуэр профессиональнэ джэгуакIуэ-усакIуэт, афIэкIа Iэщ Iагъи, къулыкъуи, Iуэхущ Iафи имыIэу, абы ирипсэууэ. Абы апхуэдиз джакIуэ иIэти, и унагъуэ мылъку, Iэщ зэрихьэну хущIыхьэгъуэ иIэтэкъым, ахэр зезыхьэр и щхьэгъусэ, и бынхэрт.

ДжэгуакIуэ-усакIуэ жытIэу а псалъитIыр къыщIэтхьыр Лашэ, джэгуакIуэ къудей мыхъуу, усакIуэшхуэу, усакIуэ къудей мыхъуу, джэгуакIуэшхуэу щытащи аращ. Ар щIытедгъэчыныхьыр джэгуакIуэмрэ усакIуэмрэ къалэн зырыз, IэщIагъэ зырыз зэраIэрщ. А тIур зэдэзыхьыфынур зэчиишхуэ зыбгъэдэлъырщ.

Лашэ джэгум здыхэтым, кIуэрыкIуэм здытетым, а

Нэхъыжьхэм къаIуэтэж

дакъикъэм и нэмкIэ илъагъум хужиIэн къыхуигъуэтурэ, и усэхэр зэхилъхьащ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, импровизировать ищIащ. Апхуэдэу джэгуакIуэр кIуэрыкIуэм здытетым екIуу, губзыгъэу усэн щхьэкIэ, икъукIэ набдзэгубдзаплъэу, акъыл жанрэ бзэ дахэрэ иIэу щытын хуейт. Апхуэдэуи щытащ Лашэ. Ар сыт хуэдэ Iуэхугъуэм темыусыхьами, хэт хуэмыусами, зэгъэкIуауэ, шэрыуэу усэбзэ дахэкIэ зыхуеяр къиIуэтащ. А зыхуэусэм щыщIэныгъэу иIэ псори ауан гуащIэкIэ къиIуэтащ. Ар тхыдэми, дэтхэнэ зы къэхъукъащIэми щыгъуазэу и усэхэми ахэр хилъхьащ. Лашэ и усэхэр гукIэ зэхилъхьэрт, и пхъэцIычыр иIыгърэ тригъауэу, езыр жьэкIэ пшынэ еуэу, и жьэ пшынэр зэпигъэумэ, и усэм щIидзэрэ «уейт» жиIэу къафэ-къэуджу джэгум хэту щытащ. И гушыIэкIэ, и псэлъэкIэ къудейм къыщымынэу, и IэпкълъэпкъкIэ, и джэгукIэ-зыщIыкIэкIэ цIыхухэр тригъэууэ, игъэгушыIэу утыкум итащ.

Агънокъуэр джэгуакIуэ-усакIуэм къыщымынэу, композитору - къызэрыфэ пшыналъэхэмрэ уэрэдхэмрэ зэхилъхьэу щытащ.

Агънокъуэр джэгум Iухьамэ, пшынауэм зэуэ къафэр зэпигъэурти, Лашэ и къафэм еуэу щIидзэрт, ар къагъэфэн, ягъэджэгун папщIэ. Ар езы Лашэ зэхилъхьа къафэт икIи псом нэхърэ нэхъ къафэ дахэт. А къафэр иджыри щыIэщ лъэпкъ трио игъэзащIэу - «Iэщыхъуэхэм я уэрэд» жиIэу Акъсырэ Залымхъан псалъэ зыщIилъхьа макъамэ дахэр аращ. Иджыри а къафэм нэхъыжьхэр зэреджэр «Агънокъуэжьым и къафэщ».

Мы къафэм мелодичность, макъамэ и лъэныкъуэкIэ деплъу щытмэ, мыр нэхугъэкIэ гъэнщIа, гуфIэгъуэ мыухыж къэзыгъэлъагъуэ макъамэ дахэщ. Мыбы нэщхъеягъуэ, гъыбзэ хэлъкъым. Агънокъуэм гъащIэр фIэIэфIу, псэуныгъэр фIыуэ илъагъуу зэрыщытар мы къафэмкIэ къиIуэтащ. И гъащIэ псори апхуэдэу нэщхъыфIэу, цIыхухэр фIыуэ илъагъуу, тригъэууэ, игъэгушыIэу, гуфIэгъуэ яриту джэгуакIуэм ирихьэкIащ. Мы къафэм ущедаIуэкIэ, джэгуакIуэм и образ нэхур уи нэгу къыщIегъэувэж. Лашэ пшынауэкIэ ищIэу щытакъым. Мыр езым гукIэ зэхилъхьауэ, жьэкIэ жиIэрэ къыдэфэжу щытащ, абы щыгъуэми пшынауэхэм къакIэрымыхуу Iэзэу жьэкIэ жиIэфу щытауэ жаIэжыр.

Лашэ джэгуакIуэу утыкум щихьам къыщыщIэдзауэ, дунейм ехыжыху тепщэныгъэр зыIыгъ лIакъуэлIэшхэмрэ и джэгуакIуэ лэжьыгъэмкIэ зэран къыхуэхъухэмрэ ебэнащ.

Лашэ хуейт къулейхэм я мылъкумкIэ тхьэмыщкIэ лIыщIакIуэхэр зыдагъэгуэшэну, цIыхухэр зэхуэдэу щытыну, зэрылъэкIкIи ар зылъэмыкIхэм ядэIэпыкъуащ.

1918 гъэм и ныбжьыр илъэс 67-м иту Агънокъуэ Лашэ Уэсмэн и къуэр дунейм ехыжащ.

Агънокъуэм и усэхэр IуэрыIуатэ хъужауэ нобэ нэхъыжьхэм къаIуэтэж. Абы и усэхэмрэ IуэрыIуатэхэмрэ икъукIэ зэхэгъэкIыгъуейщ. Ар къызыхэкIыр Агънокъуэр цIыхубэ усакIуэу, цIыхубэм яхэлъ псалъэ шэрыуэхэмрэ псалъэжьхэмрэ куэду къигъэсэбэпу зэрыщытарщ. Апхуэдэу щыт пэтми, а усэхэр джэгуакIуэ-усакIуэм и гумрэ и псэмрэ къыбгъэдэкIыу, нэгъуэщI фащэкIэ ихуэпауэ къиIуэта усэхэщ. Аращ Лашэ ди дежкIэ нэхъри щIэлъапIэр. Ар джэгуакIуэ къудейм къыщымынэу, зыми емыщхь усакIуэу щытащ.

Лашэ зэ жиIа усэр етIуанэу жиIэжакъым. Апхуэдэ утыку ихуакъым. Апхуэдэ зэман иIакъым. Сыту жыпIэмэ, а зы усэр цIыхухэм яригъэщIэн щхьэкIэ, жиIэу къикIухьакъым. Чэм мыхъуу гуп щхьэхуэ зэмы-фэгъухэм яхэхуащ, цIыху зэхуэмыдэхэм яхуэзащ, дэнэ къыщыхутами, а дакъикъэм зи гъусэ цIыхухэм яхуэусэн хуей хъуащ, ныкъусаныгъэу илъагъу псоми теусыхьащ. Ауэ абы и усэхэр апхуэдизкIэ шэрыуэт, гурыхьт, гъэщIэгъуэнт, цIыхубэм я гум къипсэлъыкIырти, а зэ жыIэгъуэм цIыхухэм япхъуатэурэ, гукIэ зрагъэщIэрт. Ар япэ зэхэзыхыу зи гум изыубыдам, цIыхум яхихьэ- жащ.

Ину фIыщIэ яхуэщIыпхъэщ усакIуэм и усэхэр гукIэ зыхъумауэ къэзыIуэтэжу езыгъэтхыжа нэхъыжьыфIхэм. Абыхэм я гъусэу фIыщIэ ин яхуэфащэщ Агънокъуэм и усэхэр лъэпкъым дежкIэ зэрылъапIэр фIыуэ къагурыIуауэ, адыгэ хэку псоми ерыщу щызэхуэзыхьэсыжу институтым къезыта Старэ Шэрэдж (Дохъушыкъуей) къуажэм щыщ Иуан Хъусен.

КЪАРДЭНГЪУЩI Зырамыку.
2001 гъэ

Пшынэбзэр зыгъэшэрашэу адыгэбзэр зыгъэшэрыуэ

АГЪНОКЪУЭ Лашэ Къэбэрдейми абы и щIыбкIи къыщацIыхуу щыта джэгуакIуэшхуэщ. Дэ шэч къытетхьэркъым ар зэрыусэу щыта адыгэбзэр хьилмышхуэ здэщыIэ иджырей Европэмрэ Азиемрэ фIыуэ щащIатэмэ, Лашэ зэрыусакIуэшхуэр дуней псом хэIуэну зэрыщытам. ЗыкIи егъэлеиныгъэ хэлъынкъым абы и усыгъэ нэхъыфIу ди зэманым къэсахэр литературэ зызыужьахэм гъуазэу ялъытэ классикхэм япэджэжу жытIэмэ. Ауэ ди щIэныгъэлIхэмрэ литературэм и Iуэхущ IакIуэхэмрэ абы щIэх гу лъатакъым. ДжэгуакIуэ телъыджэр щыпсэуа зэманым щыгъуэ къэзыцIыхуу, зылъытэу щытахэр и къуажэгъухэр, абы зыщыпIэ гуэрхэм къыщыхуэзахэр е и хъыбар пэж зэхэзыхахэращ. Дауи, абыхэм яхэтакъым езыхэм къызэрыгуэкI гуэру ялъытэ джэгуакIуэм иджырей щIэныгъэм и хабзэкIэ гулъытэ нэс хуэзыщIыфын. ЩIэныгъэрылажьэхэми тхакIуэхэми Лашэ и цIэр кърaIуэу щыта мыхъумэ, и творчествэм кууэ зыри хэмыплъэурэ зэман кIыхь дэкIащ. Нало Заурэ КъардэнгъущI Зырамыкурэ зэрыжаIэжамкIэ, джэгуакIуэжьым и дуней Iыхьэр зэриухрэ илъэс плIыщIым нэблагъауэ, Старэ Шэрэдж къуажэ щыщ лIы щыпкъэ, бухгалтеру лажьэ Иуан Хъусен, и къуажэгъухэм зэхуаIуэтэжу зэхихауэ, Лашэ и усэ зыкъом иттхыжщ, ди ЩIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым къихьри, щIэныгъэрылажьэхэм яригъэлъэгъуащ. ИтIанэщ джэгуакIуэ телъыджэм и гъащIэмрэ и творчествэмрэ къапщытэн мурадкIэ щIэныгъэрылажьэхэр иужь щихьар. Усэ гъэщIэгъуэн куэд зэхуахьэсыжащ Къардэнгъущiымрэ Наломрэ. Институтым егъэщIылIауэ лажьэхэми гу зылъытапхъэ материал зыкъом кърахьэлIащ 1960 - 1980 гъэхэм. Лашэ и усэхэр тхыжынми, и творчествэр нэхъ кууэ къэпщытэнми икъукIэ гуащIэшхуэ хилъхьащ Нало Заур. Нобэ дызыригъуазэу диIэр а лIы щыпкъитIымрэ зи цIэр къитIуа Иуанымрэ я гулъытэкIэ хъума хъуахэращ.

Дэтхэнэ джэгуакIуэшхуэри цIыхубэм фIыуэ ялъагъуу щытам шэч хэлъкъым. Ауэ Агънокъуэм хуэдэ цIыху угъурлым, зи гушыIэ дахэмрэ дуней тетыкIэмрэ я хьэкъкIэ псоми я псэ дыхьэм, хъыбар телъыджэ Iэджи теIукI хабзэщ. ЗэрыжаIэмкIэ, ар жьы дыдэ хъуным нэсакъым, ауэ уз Iей къеуалIэри ихьыжащ. И лъэ зэрихьэу дунейм тетыху, ар апхуэдизкIэ цIыху угъурлыт, гъащIэм и IэфIыр апхуэдизу и нэгум щIэлъу щытати, цIыхухэм къыщымынэу, псэущхьэхэми фIыщэу ялъагъурт. Псалъэм папщIэ, 1983 гъэм Аруан районым дыщыIэу дагъэтхыжауэ щытащ фIэщщIыгъуейуэ зы хъыбар. Ар къэзыIуэтэжам зэрыжиIэмкIэ, Лашэ зыхьыжа узыр къыпкърыхьапэу сымаджэ хьэлъэ щыхъуам щыгъуэ, Шэрэдж Iуфэ зригъашэрти архъуанэм деж гъуэлъырт; абдежым псым хэс аргъейхэр абы къыхуесылIэурэ къыдэджэгуу, езыри я щIыфэм трагъэIэбэу щытащ. Апхуэдэ хъыбарыр, дауи, таурыхъ зи фIэщ мыхъухэм я дежкIэ хъыбар нэпцIщ. Ауэ а нэпцIыр апхуэдизкIэ езы джэгуакIуэжьым и хьэл-щэным тохуэри, пэж дыдэм нэхърэ нэхъыфIу езыр къуегъэцIыху, уи псэм дыхьэу фIыуэ уегъэлъагъу.

Псом япэу, къэдгъэлъэгъуэну дызыхуейр джэгуакIуэм - нэгъуэщIу жыпIэмэ, жьэрыIуатэ творчествэм и зэхьакIуэ нэхъыщхьэм - и Iуэжьхэр литературэм зэрыхущытыр арамэ, гу лъытапхъэщ езы джэгуакIуэшхуэм и усыгъэхэр ди деж къызэрыса щIыкIэм. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, Лашэ езым хьилым бгъэдэлъу щытакъым икIи зы тхыгъэ кIапи къызэринэкIакъым. Абы и усэу жыхуэтIэхэр зытхыжыфын гуэрым деж щынэсым щыгъуэщ тхылъымпIэм къалэмкIэ тратхэу къыщрагъэжьар. Къапщтэмэ, езы джэгуакIуэр 1918 гъэм дунейм ехыжамэ, япэ дыдэу абы и усэкIэ зэджэу ятхахэр тхылъымпIэм щытехуар 1958 гъэрамэ, и нэхъ мащIэу илъэс 40-кIэ ар IуэрыIуатэу цIыхубэм хэлъащ. Ар япэу зытхыжами, хэт ищIэн, къыхуэзыIуэтэжар езы Лашэ и гъусауэ, джэгум дыхэтауэ, и псалъэхэр къыщыжьэдэкI дыдэм щыгъуэ зэхэзыха гуэру къыщIэкIынкъым. ЗэрыхуэбгъэфащэкIэ хъунумкIэ, Лашэ ейуэ къэтлъытэ усэхэр абы къыжьэдэкIа нэужь, дауи, цIыху зыбжанэм жьэрыIуэтэжу зэIэпахащ. Абы щхьэкIэ къэдмыгъанэу, апхуэдэ усыгъэр IуэрыIуатэ дыдэм щыщу дымылъытэу, атIэ, зы автор хэхам ейуэ щIыжытIэм щхьэусыгъуэ иIэпхъэщ.

Ар наIуэ хъун щхьэкIэ джэгуакIуэхэм я усэкIэм дытемыпсэлъыхьу хъунукъым. Абыхэм усэкIэ лIэужьыгъуэу тIу яIащ. Япэр - зы Iуэхугъуэ гуэрым теусыхьыну ягу иралъхьэрэ зэман гуэркIэ абы пылъу зэрыщытарщ. Абы хуэдэщ, псалъэм папщIэ, уэрэд зэраусыр. ЕтIуанэр - джэгуакIуэ-усакIуэм къэхъугъэ зыхэтымрэ псалъэмрэ къадэкIуэу къипсэлъхэращ, усэ-экспромтщ. Пэжым ухуеймэ, гъащIэр зы къупхъэм зэи щимызагъэкIэ, а тIуми ящыщ зыхэлъ гуэри щыIагъэнущ. Ауэ дэ мыбдежым зи гугъу тщIынур а жыхуэтIаитIым ящыщу етIуанэращ. Дэтхэнэ цIыхум дежкIи пщIэ лей къызыдэкIуэ Iуэхугъуэщ дахэрэ Iуэхум хуэкIуэу псэлъэныр. ДжэгуакIуэхэм, зэчий къыдалъхуауэ щытми, усэным хуэIэзэ хъун щхьэкIэ, абы пIалъэ кIыхькIэ зыхуагъасэу щытащ. Я зэхуэдэ хабзэу щытауэ жыпIэ хъунущ дэтхэнэ зы джэгуакIуэми и творчествэм нэхъыщхьэу IыхьитI зэрыхэлъар: япэр - цIыхубэ IуэрыIуатэмрэ бзэмрэ щызекIуэ псалъэ шэрыуэ, псалъэжь, псалъафэ хэхауэ зы жыпхъэ гуэрым иувагъэххэу щытхэр, етIуанэр - езы джэгуакIуэм и набдзэгубдзаплъагъым, и жьэрыIэзагъым, и талантым кърикIуэу къыжиIэхэр. Джэгум хэт джэгуакIуэм усэ-экспромтхэр къыщыIурылъэлъым деж и псалъэм а жыхуэтIаитIым ящыщи хэлъщ. Ауэ а тIум щыщу нэхъ пщIэшхуэ зыхуэщIыпхъэр дэтхэнэра, жыпIэмэ, уэзэригугъэным хуэдэу жэуапыр етыгъуафIэкъым, зи Iэужьымрэ псалъэм и шэрыуагъ хъуамрэ елъытащи. Пэжщ, иджыри къэс щымыIауэ зы метафорэ, зэгъэпщэныгъэ, щIагъыбзэ дахэ къэгъэщIыныр икъукIэ ехъулIэныгъэшхуэщ. АрщхьэкIэ джэгуакIуэр икIи усакIуэщ, икIи актерщ: абы и псалъэм и мызакъуэу, и псалъэкIэри творчествэм щыщщ. Апхуэдэу щыхъукIэ, джэгуакIуэм и къалэныр игъэзэщIа хъун щхьэкIэ, мыхьэнэ хэха егъуэт, жиIэ псалъэхэр зыжриIэхэм ягу зэрынэсым елъытауэ. Ар зигу нэсын хуейм дежкIэ нэхъыщхьэр псалъэм и шэрыуагъырщ, армыхъумэ щIагъэрэ жьыгъэкъым. Псалъэм папщIэ, сыт щыгъуи пщIэшхуэ хуащI дауэдапщэ гуэрым ехьэлIа хъуэхъу дахэ жызыIэфым, зэхъуэкIыныгъэшхуэ хэмыхуэурэ а хъуэхъум хэт псалъэхэм я нэхъыбэм лIэщIыгъуэ бжыгъэ къакIуами.

ИтIанэми, дэ ди дежкIэ гъэщIэгъуэнщ джэгуакIуэм и псалъэхэм абы бзэм хэлъауэ зригъэщIа Iэмалхэмрэ езым щIэуэ хилъхьэмрэ зэрызыхуигъэхъур: хилъхьэшхуэ щымыIэрэ - ар усакIуэкъым е усакIуэ нэхъ къызэрыгуэкIщ. ЩIэуэ, нэгъуэщIхэм къамыгъэсэбэпауэ образнэ псалъэ гъэщIэгъуэнхэр и бзэм куэду хэт, ахэр дахэу, шэрыуэу Iуэхугъуэ зэхьэлIам эстетикэ хабзэкIэ езэгъыжрэ - абы щыгъуэм ар усакIуэфIу къэлъытапхъэщ. АбыкIэ щапхъэу жыпIэ хъунущ зи гугъу тщIы усакIуэм и экспромту «Агънокъуэм гъащIэм хужиIар»:

Алыхьталэр дэ къытщхьэщытщ,
Дызытетыр гупыкIыгъуейщ.
Ей, дунеижьу бжьэфоужь матэ,
Уи фор къыдэмытурэ,
утIэщIатхъыжри!
Фадэм и IэфIыр уи бэт,
ЦIыхубзым и дахэр уи нэхъыбэжт,
ЗылI и гъащIэр уи зы лъэбакъуэт,
Мин ирикъуами, сфIэмыкуэдынт.

ГъащIэм нэхъуеиншэу щIэхъуэпс усакIуэр, зи дунейр джэгум хэту зыхьар, дауэ къэнэнт джэгур зыгъэдахэ хъыджэбзхэм яхуэмыусэу. Пэжщ, дэтхэнэ джэгуакIуэми хуэдэу, Агънокъуэм бзэ шынагъуэ иIащ, гушыIэм къыхэкIыу, джэгум хэт цIыхухэр игъэдыхьэшхын хьисэпыр иIэу, пщащэхэм яхуэмыфащэу къыпфIэщIыIын Iэджи щариутIыпщ. Абы ауан ищIыну зи ужь ихьам щхьэзэщIэмыкъуэри, Iуплъэгъуейри, кIэлалэри, нэхъыкIэжри къыхуигъанэу щытакъым. Ауэ зыхужиIэ-зыжриIэм дежкIэ ар гъэунэхуныгъэ палъэт: хъыджэбзым и жьэр джатэу зэщIихыу къилъмэ, е къыжраIар хуэмышэчыххэу джэгум хэкIыжмэ, ар хуэфащэу арат. Ауэ абы щхьэкIэ имыкIуэту джэгуакIуэбзэр къыгурыIуэмэ, и нэмыс имыгъэкIуэдмэ, и акъыл жанымрэ гъэсэныгъэ дахэмрэ къигъэнахуэмэ, Агънокъуэм и бзэр IэфI къэхъужырти, пщащэр зыгъэлъапIэ тирадэ кIыхьхэр къришырт. Абы хуэдэщ, псалъэм папщIэ, мы къэкIуэнур:

Зи нитIыр бжьыхьэ мэракIуапцIэ,
Зи щхьэцыкIитIыр щIы фIыцIэм
теуэ,
ДауэкIэ Алыхьталэм упишэ хъутэмэ,
Си щIалэгъуэ дахэр къеIысхыжынт,
Бгъэ дамэкIэ уакъыхэсхынти,
ЩIым укъыхуеплъыхыу усхьынт!

Апхуэдэ псалъэ дахэ зыхужаIам и пщIэри лъагэ хъурт, езыри къэгушхуэрти, джэгуу зыхэтыр нэхъри игъэбжьыфIэрт. ГъэщIэгъуэнращи, Лашэ джэгум хэту зэрыгушыIахэм я хъыбархэмрэ усэхэмрэ схемэкIэ зэрызэщхьэщыкIышхуэ щымыIэми (абы япэ щIыкIэ хъуэр гуэр иутIыпщырти, итIанэ фIы зыкъришэжырт е фIыкIэ кърригъажьэрти, и псалъэр зыхуэгъэзам фIыр хэмызэгъамэ, укIырауэу гум пхыкI псалъэкIэ зыкъызэридзэкIыжырт) дэтхэнэ зыми къыхуигъуэт псалъэхэр щхьэхуэт. Къэтхьынщ щапхъэ зыбжанэ:

Уей, Iэщхьэхуурэ гуащэ хужь,
Жьырытэджу псэм и хъуахуэ,
Хьэтырыбэ зыгъэш,
Зи Iуэхущ Iафэ IуэрыIуатэ,
Щауэ дахэм яшэн!..

...Ей, си лъэдиихуу Iэхулъэху,
Хуарэм хуэдэу фыз хахуэ...

... Езыр жьэгъухурэ
Iуэху ищIэнкIэ пэрытым,
МастэнэкIэ IэкIуэрэ
И зекIуэкIэ яфIэдахэм,
Хамэ щIалэр игъэшэрашэрэ
И унагъуэр игъэшэрыуэм...

... Уий, бланэшкIэ хуэдэуэ бгъэгуху,
Хуарэм и дахэр зи теплъэ,
Езым зыщиплъыхькIи щэныфIэ,
ФIэмыфI щхьэкIи мыгубжь,
Жыжьэу ялъагъуми псэр дэзыхьэх...

...Ей, си гуащэжьурэ
Гъэмахуэ акъужьым нэхърэ
нэхъ гуапэ...

Зэрытлъагъущи, мы пычыгъуэхэм яхэтщ къытезыгъэзэж псалъэ гуэрхэри. Зы цIыхум жиIам укIэлъыплъыжын щыхъукIэ, Iэмал зимыIэщ абы и псэм нэхъ фIэфI псалъэ гуэрхэр нэхъыбэрэ и бзэгупэм къызэрытехуэр къэпщIэныр. Ауэ итIанэми гъэщIэгъуэнщ, Лашэ и усэ дапщэ ущымыгъуэзами, ахэр щызэтехуэм нэхърэ щызэщхьэщыкIыр зэрынэхъыбэр. Ари джэгуакIуэ творчествэр IуэрыIуатэм къыхэзыгъэщхьэхукIыу литературэм нэблагъэ зыщI нэщэнэщ.

Псалъэ шэрыуэ, зэхэзыхым гукъинэ щыхъурэ псэлъафэу ирихьэжьэу куэд хэтщ Агънокъуэм къызэринэкIахэм. Псалъэм папщIэ: «ЦIыхубзым и нэфIымрэ Тхьэм и гущIэгъумрэ сыхуымыгъадэ!», «IIэужьыр гъащIэм докIуэкI», «Блэ зепщэм и бзэр къиутIыпщмэ, цIыхум псэлъэн щагъэтыж», «Уи гур зыкъутэ нэхърэ, уи псэр зыгъэфI», «Усэмрэ ерыскъымрэ зэпащI, язми ущремыщIэ», «Джатэ зыгъабзэ нэхърэ, пшынэ зыгъэбзэрабзэ».

Абы хуэдэу, джэгуакIуэм дзыуэ иутIыпщахэри цIыхубэм къыхэнэжащ: «Бжьыхьэ кIапэрывэ, шху-пIастэ вакIуэ»; «Шыпш и къуэу шыпшэрыуанэ», «Къебэ-небэм сысейщи, ебэпамэ ууейщ» (мыр ефэндым жриIауэ жаIэ: ар Лашэм къыщыхьат, цIыхур диным бгъэдумыш, жиIэри; апхуэдэу щыхъум, джэгуакIуэм цIыхур тIууэ «игуэшащ»: нэжэгужэу дунейм тетыр сысейщ, лIар уэйщ, - жиIэу кърикIэкIыу); «И къуэр гумызагъэтэм, и адэм игу зэгъэнт»; «ТIыгурывэ хьэгулывэкIэ Iумахуэт»; «Я къуажэпхъум IэплIэ хуащIащ жаIэри, хамэ къуажэ макIуэри щIэлъхуа къашэ».

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, ар дзы фIэщынкIэ, хъурджэуэнкIэ егъэлеяуэ Iэзэт, икIи апхуэдэм деж адыгэбзэм лIэщIыгъуэкIэрэ къыдэгъуэгурыкIуэ псэлъафэхэр куэду къигъэсэбэпырт. Ауэ джэгуакIуэм къызэринэкIахэм яхэтщ нэгъуэщIым зэи жаIэу щымытагъэну, езым и творчествэ къабзэу къэплъытэ хъун зыбжанэ, мы къэкIуэнум хуэдэу:

Фи пкъым къикIынури
Фэ фхуэдэщ, щIагъуэкъым:
Я пэхэр хуэпсыгъуэу,
Я щхьэр хуэгъуму,
Я пкъыр имыхыу,
Я пщэр къешэхарэ
Пщэдыкъ кумбу,
Я нэкIур мыдахэу,
Я пэшыныр кIыхьрэ
Теувэжым я щхьэр кърищэхыу!

ГъащIэм и IэфIыр цIыхум яхыхьэныр къалэн зыщызыщIыжа цIыхур ар езыр хэкулI мэхъур. Агънокъуэм мылъкушхуэ бгъэдэмылъу, езыр гушыIэрейуэ, джэгурейуэ зэрыщытым къыхэкIыу, нэмыплъ гуэри кърахыу щытар пэжщ. Нэгумэ Шорэ, СулътIан Хъан-Джэрий сымэ зэратхыжым тепщIыхьмэ, апхуэдэу я дунейр екIуэкIауэ щытащ пасэрей джэгуакIуэжьхэми. ИкIи пэжщ: зы лъэныкъуэкIэ, джэгуакIуэхэм адрей псори фIэлIыкIырт, нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ, ахэр цIыху зэпIэзэрыту, жылагъуэ Iуэхурэ езым и унагъуэ Iуэхурэ зэдэзыхьыфыну ябжыртэкъым. Ауэ апхуэдэу Iуэхур дыкъуакъуэу щытыным и бийт Агънокъуэ Лашэ хуэдэхэр. Аращ абы и усэхэм къыхэщыжыр, «усэмрэ ерыскъымрэ зэпащI», джэгуакIуэ псалъэр «бегъымбарым хуэдэу захуэщ», - жиIэу. Ар цIыхум акъылкIэ зыхащIэу щытами, я псэм зэрыхэмыхьар, псалъэр зи гъуазэм и пщIэр хуэфащэн хуэдэу зэрымыхъуар Лаши, ПащIэ Бэчмырзи, нэгъуэщI адыгэ джэгуакIуэшхуэ Iэджэми гукъеуэшхуэу яIахэм щыщ зыщ.

ГЪУТ Iэдэм.

Жылагъуэм я дыгызэ

АГЪНОКЪУЭ Лашэ и цIэр япэ дыдэ литературэм къыщизыIуар, сыщымыуэмэ, Теунэ Хьэчимщ («Къэбэр дей литературэмрэ къэбэрдей тхакIуэхэмрэ»), и усэ къытрезыгъэдзар Дадэ Адэлбийщ («ДжэгуакIуэ шэрыуэ». - УЗ КБНИИ, т. XVI. Нальчик, 1959, нап. 303-322), и тхылъ къыдэзыгъэкIар Къардэнгъущ I Зырамыкущ (Агънокъуэ Лашэ. У сэхэр. Налшык, 1966). Мы тхылъ цIыкIум усэфI дыдэ («Шэрэдж», «КIэзонэжь», «Уей, Къэбэрдеижьурэ жыгей жьэгужь…») ихуа, езыри напIэзыпIэм зэбгрыкIа щхьэкIэ, абыи, дызэрыщыгугъам хуэдэу, Лашэ и цIэр къыдихыжакъым, тхылъеджэм ящта щхьэкIэ, тхакIуэхэмрэ критикхэмрэ яIурыхьакъым - къагурыIуэххауи узиIэ!

«ДжэгуакIуэ» щIыжаIэжыр «джэгуным» епхащи аращ. Джэгунри зэштегъэу къудейтэкъым; абы мэгъу къару хэлърэ фIы ирипщIэ е ириблэжь хъууэ къафIэщIырт иджырей цIыхухэм. ХьэгъуэлIыгъуэ, щIапщэ, вакIуэихьэж, тхьэшхуэгухьэж, хъуромэ - къинэмыщI дауэдапщэхэм я джэгухэри абы щыщти, къафэми, шыгъэджэгуми, ажэгъафэми хьер къраджэну я къалэнт. Ар щэнхабзэ тхыдэджхэм куэд щIауэ зэхагъэкIа Iуэхущ. Абы тегъэщIауэ шэч къытумыхьэжу пIуатэ хъунущ адыгэ джэгуакIуэжьхэри мэгъу къалэн яIэу къежьауэ: щIапщэм уэрэдрэ гушыIэкIэ сымаджэр (фэрэкI зытетхэр, фэбжь зытелъхэр, блэ зэуахэр, къинэмыщIхэр) ягъэхъужырт; хьэгъуэлIыгъуэми хэтхэр ягъэджэгу-ягъэ дыхьэшхыурэ насып кърaджэрт,.. Ди къуэш шэрджэсхэм куэд яхэтщ Хэку зауэшхуэр къэблэгъауэ дунейм ехыжа Хъурбыз Мысост и джэгукIэхэр фIыуэ зыщIэж. Тхьэ зыщаIуэжыращ абыхэм, а джэгуакIуэм «мажусиибзэкIэ» ебжурэ, блэм я нэхъ пIащэр иукIыфу, уеблэмэ, ар къохъуэхъуами къобгами блэкI имыIэу къыптехуэу щытауэ.

Агънокъуэжьми и лъабжьэр абы къыщожьэри, джэгунымрэ гъэджэгунымрэ IэщIагъэ хуохъу. Дэ нобэ ар щIэдгъэлъапIэ усэ уахътыншэхэр а Iуэхум къыпыщэща къуэщIий къудейуэ аращ. И IэщIагъэ нэхъыщхьэу абы къилъытэжу щытагъэнур къафэр къигъафэу, гупыр игъэдыхьэшхыу джэгу утыкум итынымрэ ешхэефэм уэрэд яжриIэу хьэщIэщым щIэсынымрэщ. Ар джэгуакIуэ тхьэмадэти, хьэгъуэлIыгъуэ зиIэнухэм джакIуэ къыхуащIырт, мыпхуэдэ махуэм ди гуфIэгъуэщи, тхуэдж эгу, жаIэрти. Езыми и джэгуакIуэгъухэр - шыкIэпшынауэхэу Тырку Къасбот, Урыс Мыхьмуд, ШэрыIужь Мыхьмуд, нэхъ и щIалэгъуэхэм щыгъуэ - Абазэ Къамбот сымэ - зэхуишэсырти, яхуэкIуэрт. А гупым бжьамияпщи пшынауи яхэтынкIэ хъурт, яхэмытынкIэ Iэмал зимыIар сыт жыпIэмэ - къафэм ритм езыт пхъэцIычауэхэрат, ау э ахэр здумышэу уздэкIуа джэгум къыщыбгъуэтынут. Пшынэ еуэхэр щIалэхэм къахэт-къахэсу зы лъэныкъуэкIэ къэувырт, абыхэм я щIыбкIэ е ябгъукIэ шыкIэпшынауэхэр къэувырт, джэгуакIуэр (хьэтиякIуэр) сыт щыгъуи Агънокъуэжьрати, ар утыкум пхъэцIычитI иIыгъыу къихьэрти, джэгур иригъажьэрт. ХьэщIэ лъапIэ, къэфэкIэ Iэзэ, фIыуэ ялъагъу щIалэ е ахъшэ нэхъыбэ къызыпыкIын гуэр къытехьамэ, абы зыхуагъэщхъыурэ, пшынэрэ пхъэцIычкIэ и лъакъуэхэр хуагъэпсынщIэрт, езы къыдэкIахэми, хъыджэбзхэм зыкърагъэлъагъун къудей щхьэкIэ, кърахыурэ сом, сомищ (сомитху, тумэн хуэдизри зыфIэмылъапIи къахэкIыу) кърaтырт. Пшынэм кърадза-кра-куа тIэкIур езы пшынауэхэм къахуэнэрти, хьэтиякIуэм (джэгуакIуэм) къыхиха къомыр зэдагуэшыжырт.

ДжэгункIэ Лашэ къыбгъурыувэн а лъэхъэнэм Къэбэрдейм исакъым, жаIэ. Мыжей Сэхьид къыпеуэн Хьэжрэтым зэрахэмытам ещхьу.

Лашэ и дунейр дэ тлъагъу дунейм къыгуэкIырт. Дэ Шэрэдж псыхъуэ дыдэплъэмэ, псыежэх тлъагъуу аркъудейщ. Агънокъуэм абы псэ хэту къилъагъурт: Лашэ и Шэрэдж «жьакIащхъуэ мащIэщ», «пхъэдамэрыхьщ», Аруаныжь «йохьэрхуэрэгъу» «мэхъущIэщIатэ», «напщIэ мыIэтщ». Мыхэр метафорэщ жыпIэрэ? АтIэ Урыхужь деж дывгъакIуэт! ДжэгуакIуэм ар елъагъу «шыжь емылыджу», «и гъащIэр джэгуу» ирихьэкIыу, джэгуакIуэр абы йохъурджауэ: уэ къуршыжьым «урипхъуми» Тэр чыжь «уегъэкIуасэ», жи; ублэмэ фIы зыкърешэжри, игъэлъапIэурэ йоубзэ: «Уэ псыхъуэгуащэм урабыдзышэт… Алыхьыр жэнэткIэ зэтэн, моуэ зыбгъэпсэхуамэ, дикIынт!». Ахэр метафорэ къудейуэ фIэщщIыгъуейщ. Агънокъуэр ещхьыркъабзэу жыгхэми йопсалъэ:

Уей-уей ди кхъужьеижьу,
Гъуэжькуийм хуэдэу
къахэтIэпIа,
Уи напIэр Iэти, къызэплъ!
Уэ упсыхъуэгуащэщ,
Уи щхьэцыр Бещтом
къыпхурежьэкI…
Уи напIэр Iэти, къызэплъ,
Алыхьыр фIыкIэ зэплъын…
Хьэндырабгъуэр пызу
къызыпыкIэн…

Мыр иджырей усакIуэм итхауэ щытамэ, метафорэ защIэщ, жысIэнти, сыблэкIынт, ауэ, жыгыр «псыхъуэгуащэ» зэрыхъур сэ къызгурымыIуэ пэтми, Лашэ и «кхъужьеижьым» псэ зэрыIутыр зыхызощIэ: джэд къудей яхуфIэзымыгъэжу щыта джэгуакIуэжьым и дежкIэ щIыуэпсымрэ цIыхумрэ, къэкIыгъэмрэ псэущхьэмрэ зэщхьэщыкIыныгъэ ин яIауэ фэ теткъым. ДжэгуакIуэм мэгъуу, дунейр къагъэIурыщIэфу залъытэжу зэрыщытар абы къыхэплъытэжмэ, Агънокъуэм и дунейм псэ хэтыныр апхуэдизуи фIэщхъугъуеин хуейкъым.

Залымыгъэм пэпсэлъэжынымрэ цIыхугъэм и телъхьэнымрэ Агънокъуэм, и гупсысэхэм я мызакъуэу, и поэтикэми лъабжьэ хуэхъуащ, къэзылъхуа IуэрыIуатэ культурэм хишрэ щэнхабзэ нэхъ лъагэм бгъэдишэу. Ауэ абы и Iуэхур абыкIи иухыркъым.

Уи псэм ущыхуимытыжым деж, абы Iэджи уегъащIэ. Агънокъуэм къыхих ахъшэшхуэр езым ишхыжыну хузэфIэкIыртэкъым, ар ибэхэмрэ зылъэмыкIхэмрэ ядэг уашэрт. Лей зылъыс, гугъу ехь хуэзауэ блэкIыфыртэкъым: цIыхур тхьэным къыхуигъэщIауэ зылъытэ джэгуакIуэм и дуней еплъыкIэм къезэгъырт экъым ар. ТхьэмыщкIагъэшхуэ хуэзамэ, лIыгъэшхуи къыкъуэкIырт Агънокъуэм. ДжэгуакIуэ здэкIуэм, хуэзат, жеIэ, ар лIыжь гъуэгурыкIуэ, щIакIуэ бэшым зытригъащIэурэ ерагъкIэ бакъуэу. Лашэ, абы блэкIа щхьэкIэ, адэкIэ мыкIуэфу къигъэзэжащ, жи: «Уэ лэхьэ, сэ лъакъуих сиIэу, уэ лъакъуэ закъуэкIэ утету - ар мызахуэ: сыноIэзэнути, си Iэзэгъуэ иткъым, си зы лъакъуэжьыр уэстынути, къыпхуехьэкIынкъым. Тхьэм иухарауэ къыщIэкIынщи, си брулыжьыр узот!» - жиIэри, лIыжьыр игъэшэсщ аби, езыр лъэсу ежьэжащ, жи.

Мэсхьэб убзыхуа имыIа щхьэкIэ, къэбэрдей джэгуакIуэжьым узэщIакIуэу зилъытэжырт. ХьэхъупащIэ Амырхъан мыгъуэм жиIэжырт: зэгуэрым, хъарбызшэ ж сыкIуэу, Агънокъуэ Лашэ срихьэлIат, жи, жыг жьауэм щIэту, хьэлъэу къэкIуэжхэм япыкъуэкIрэ, «ярэби, жылагъуэм срадыгызэщ, зы хъарбыз къызэфт!..» - жиIэурэ, щхьэж игу пыкI къаIихыу. «Дыгызэ» псалъэм «сабий зыпI, зыгъасэ» къокI. «Жылагъуэм я дыгызэм» жылагъуэр игъасэу, иузэщIу къокI. Дауи, уинатмэ, пхужыIэнущ мыбдежым «дыгызэр» псалъэгъэдахэу къыщыкIуэ мыхъумэ, семантикэ и лъэныкъуэкIэ зытебгъэщIащэ мыхъуну. Сэри, сымыинат пэтми, солъагъу а псалъэм апхуэдэ къалэн зэригъэзащIэр (дыгызэ-хъарбыз), итIани абы и мыхьэнэм Iуэху тепщIыхь мыхъуну схужыIэнукъым. Псалъэр зэрыхуейм хуэдэу зыгъэуджыфу щыта джэгуакIуэм гугъу демыхьу къигъуэтыфынт «хъарбызым» нэхъ дахэу къежьуун образ Iэджи, ауэ ар щылъаIуэм деж, езым жылагъуэм яхуищIэ Iуэхутхьэбзэр къыдригъэуейныр нэхъ сфIэкъабылщ.

Агънокъуэм жылагъуэм я дыгызэу зыщилъытэжкIэ, гурыIуэгъуэщ, абы и псэр зэриIуэтэж усэхэр унэтIауэ зэрыщытыр.

НАЛО Заур.

Лашэ Дохъушыкъуей щекIуэкI зэхыхьэшхуэм кърихьэлIащ. *Сурэтыр 1912 гъэм трахащ.*

Адыгэхэмрэ Урысеймрэ

теухца къахутэныгъэщIэхэр

● Тельыдж

Канадэм и Макмастер университетым и профессор Коларуссо Джон адыгэбзэ зыщIэ лингвистхэм ящыщ зыщ. Ар дунейм къыщацIыху нэгъуэщI зы лэжьыгъэшхуэкIи: «Нартхэр» Iуэрыflуэгъэр индоевропеицIыхьзыбзэкIэ зэзыдзэкIар мы щIэныгъэлращ.

Адыгэхэм ятеуэдауэ Гарвард университетым, Массачусетс технологие институтым (МТИ), Макмастер университетым зэдграськIуэкIа къахутэныгъэр зыхуэдэм дыщегъэгъуазэ щIэныгъэлъапIэ журналист Лъис ФатIимэ ирита нитерецым.

- Профессор Коларуссо, кьыджеIэт щIэныгъэхутэ лэжьыгъэщIэхэр зыхуэдэр.

- Индие Ищхьэрэм, Азие Курытым, славянхэр щыпсэу хэгъуэгъуэм, Европэм щIэныгъэ лэжьыгъитI щрагъэкIуэкIащ, зыр адрейм емыпхуэу. Ялэр зэфIэзыгъэкIар Макмастер университетыращ. А жэхутэныгъэм наIуэ кьыщIар гъэщIэгъ энщ. Генетикхэм зэрыжаIэмкIэ, V-хромосомхэр (цIыхухъуэхэм я генщ) куэд дыщIу зи лъым, хэтыр индоевропейбзэхэмкIэ псальхэмрэ Кавказым и ищхьэрэ-къухьэпIэ лъэныкъуэм щыпсэу жаIэ.

ЕтIуанэ кьэхутэныгъэр езыгъэфIуэнкIа Гарвард университетымрэ МТИ-мрэ я щIэныгъэлIхэм я лэжьыгъэр зыхуэгъэзэуэ щытар митохондриальнэ ДНК-ш (цIыкIубзэм я генщ). Зыпэмыплъа кьрикIуащ а къэхутэныгъэми – дунейм псор кIапщтэжэ, индоевропей геныр нэхъыбэжу зи лым хэлъыр адыгэхэращ. Мы щIэныгъэлIхэм я кьэхутэныгъэм пхуемышыалIэу щыIэр зыщ: лингвистхэм зэрыжаIэмкIэ, абазэ-адыгэбзэхэр индоевропейибзэхэм ящыщыбым.

Генетикэ кьэхутэныгъэм зи куэдкIэ япэ сэ наIуэ кьыслыхьуаращи, индоевропейхэм - урысхэм, славянхэм, индижьлызэхэм, алыджхэм, итальянхэм, нэгъэущIхэми - я бзэхэр адыгэбзэм, убыхыбзэм, абазэбзэм пэгъунэгъуэ е зыщ я кьежьапIэр. ЩIэныгъэлI-индоевропеологхэм ящыщ гъэрхэр, псальэм папщIэ, Гарвард университетым санскритымкIэ и профессоры, Чикагэ университетым лингвистикэмкIэ и профессоры арэзы тохъуэ си кьуэхутэныгъэхэм. НэгъэущIэмкIэ, теорие ауи зэхахьну хуейкьым. Сэ кьызгуроIуэ ар кьызыхьэкIыр: индоевропей щIэныгъэлIхэр щIэ гуэрымебгъэувэлIэну гугъу дыдэщ, пхуегъэувалIэ:

- Сэ сигъэпщ мы упщIэр кьызэрызэптар. Индоевропей къэхутэныгъэхэр ящлащ XVIII-XIX лIэщIыгъуэхэм. ЗэманкIэ ар техуащ льэпкъхэм, абыхэм я къэралыгъуэхэм епха гупсысэхэр кьыщежьам. А къэхутэныгъэхэр нэхьыбэу щIрагъэкIуэкIри зы льэпкъ хэхам и къэралыгъуэм епха гупсысэр ягъэкIуэтэн папщIэщ. ЩIэныгъэлIхэм я лэжьыгъэм и купщIэр цIыхухэр я льабжьэкIэ зэрызэпхарат, ауэ ар кьыззэрагъэсэбэлIар льэпкъхэр зэпэщхьэхуэ щыным, зым адрейм нэмыплъхуищыным хуэгъэзэуэт. А гупсысэм Германиери дунейм псори теунэхьуауэ зэрыщытаращ гене тиюр Iэщэ бзаджэу, цIых уэхэм я акъылыр зыгъэуIэхьуэу кьалыпэгъэнкIар.

ЕгъэзджакIуэу щIалэгъуалэм сахэтщи, гу зылъыстаращ: индижьрей щIэблэр генетикэм нэгъэущIуэ зэрыбгъэдыхьэр. МыкIэр Интернетым зэпищащ, планетэм и цIыху хьуахэщ. Абы политикэ Iуэхуи кьыкIэлъыкIуэну хузогъэфащэ: правительствоэр хэплъэныкъуэ кьаухдэхуэнущ кьаралыгъуэмрэ иджыфей гупсысэкIэмрэ зэрызэтехуэ зи, цIыхущIэхэм унафэ зэрыхуащIыну Iэмалым.

Генетиюр нобэ кьыззэрыдгурыIуапхъэр дэ лъым дыдэ ящыIэрэ? ЩIэныгъэ щIэ наIуэ кьэзыщIщIэныгъэущ.

- ЦивилизацIэ лъэрыхь кьэщIу кIуэдыжащ, адыгэ льэпкъ щыкIым дауэ хузэфIэкIа зихьуэжыну?

- Адыгэм и тхыдэмэ и щыналъэми империе, орда куэд пхрыкIащ. Ильэс мин бжыгъэкIэ ар щIэзэуащ льэпкъеу кьызэтенэными, и бзэмрэ и щэнхабзэмрэ ихьуэнэным. Псальэм папщIэ, адыгэбзэм кьыхэкIа куэд кьащтащ урысхэм. Псальэм папщIэ «тамадэ» жьхуаIэр, ар адыгэбзэм тхьэмадзу хэтращ. Я мыхьэнэр зэтохуэ зэрысыбзэ «уэкIий» жьхуиIэмрэ адыгэбзэм хэт «Iуэзмрэ». Куэд мэхъу апхуэдэ псальэхэр. Абы кьикIраци, урысхэм я льэпкъ кьэралыгъэ, империе ауэхэм я пэкIэ а льэпкъитIыр гъунэгъуэ, благъагъэкIэ зэпыщIауэ щылащ. Урысеймэ и империе политикэм адыгэхэм гуэзвэгъуэщ уэ я кьахуэкIат, ауэ ар езы Урысеймэ и дежкIи Iуэзвэгъуэуэ щытащ. Псом хуэмыдэу гущIыхьэщ адыгэхэм я тхыдэр, ахэр мы зауэм ихьыпIэ пэтащ.

- Уэ жьыпIащ, адыгэу кьэнэжар зэрымащIэр. Генетикэмрэ лингвистикэмрэ я кьахутэныгъэщIэхэм абыхэм я дежкIэ мыхьэнэ гуэр пI? Мы льэпкъым сыт кьыпэплъу жьыпIэр?

- Сэ согугъэ льэпкъыщхуэхэр мы льэпкъ цIыкIум зэрыхущытым зихьуэжыну, согугъэ адыгэхэм зауэжьыжа зэрыхуэным егупсысыну. Абы-хэм я IыхьэкIэ дунейм кьаруущ Iуэ щызыгъуэта льэпкъхэм я тельмрэ я бзэмрэ, я щэнхабзэм щыкIалъхьанIэ. ЩапхъэщIу кьыпхуэхьынущ кьырым епха Прометей. Шэч кьытумыхьэу жьыпIэ хьунущ а лIыхъужьыр адыгэ Iуэрыflуатэм щыщу пасэрей алыджхэм я Iуэрыflуатэм хыхьауэ. Нэхъ иужьыflуэкIэ кьэхъуахэм я гугъу пщIымэ, сатуущхуэ эзадащIэу зэрыщытам Венециемрэ Шэрджэсымрэ зэпэщIат, ильэс 200-кIэ уэзэбэкIыжмэ, Италием и ищхьэрэ-къухьэпIэ льэхьэнэм адыгэ жьыпI зыбжанэ щытIысынри арат кьыщызэкIар.

Е девгъэпIэ индоевропей кьэхутэныгъэхэм хэт «арий» терминым. Лингвистхэм ар ирапх есы льэпкъыр зэрыщэджэжым. «Адыгэхэм» я кьежьапIэ «арийхэм» кьикIыр «цIыху» мыхьэнэращ. Абы щыхьэт тохьуэ протокъухьэпI-кавказыбзэкIэрэ (щIэныгъэлIхэр абаэз-адыгэбзэхэм зэрреджэгу). Текст уи пащхьэ илъэрэ абы укъызэрджэфыным ущыгуэзэмэ, псори гурыIуэгъуэ мэхъу. АтIэ, дэ зи гугъу тщIы текстхэм я ныбжьыщ ильэс 6000-7000.

- Мы зэманым Урысеймрэ адыгэхэмрэ Iуэху гугъу зэрыхэгъэтщ XIX лIэщIыгъуэм геноцид кьызэрыращIылIамкIэ зрагъэмысыкыну. Урыс эм ар яцIрыкIыж. Мы Iуэхум сыт хуэдэ хэкIыпIэ кьыхуагъуэтыфыну пIэрэ?

- Иужьрей щIэныгъэ - кьэхутэныгъэхэм тепщIыхьмэ, адыгэхэмрэ урысхэмрэ (славянхэмрэ), кьызэрыгъэкIыу жьIэнымэ, зэкъуэщIу.

Дауи, СочэщIкуэкIыну Олимпиадэм адыгэхэм я гукъеуэр кьыдриГъэуэнжащ, льэпкъ кIуэдауэ зауэм кьаззэрыхихьам Урысей къэралыгъуэр ирагъэувэлIэну зрызэтым я зэхущытыкIэр иригъэкIэкIуащ. ЛьэныкъуитIри ЩэкIэкIами, Къамбийм зыззэщIикъуэжри, и ныкъуэкъуэгъуэм Iэмал гуэри иримыту, текIуэныгъэр къихьащ икIи 2011 гъэм Урысейм и чемпион хъуащ.

- Дэтхэнэ зэIущIэри гугъуу щытащ. Ауэ нэхъ хьэлъэр фичал ныкъуэ, кIэуэ зэIущIэхэрт. Си хьэрхуэрэгъуэ щытахэр Урысейм и командэ къыхэхам хэтащ. Абы-хэм ящыщ куэдым мызэ-мытIэу сахуэзат икIи хьилагъэ хэмылъэу, утекIуэну Iэмал щыIэтэкъым. Си хьэрхуэрэгъу, си ныбжьэгъу Бостанов Сослъэн зрегъэкIуэкIа зэIущIэр гугъу дыдэт. АрщхьэкIэ, сызэрефIэкIынтэ си фIэщ хуэрти, абы сыхущIэкъуащ. Си кIэн кIыхьри, иужьрей секундхэм ар зэуэ хэзгъэщIащ, - жеIэ Къамбийм.

Асльэн къызэрыхигъэщамкIэ, и текIуэныгъэр зыгъэса, и ехъуЛэныгъэ псомкIи фIыщIэ зыхуищI и адэ-анэм яхуищI тыгъщ. Ар чемпион хъуауэ и щхьэгъусэмрэ и къуэмрэ дежкъокIуэжк.

- Тюмень щекIуэкIыну дунейм и абсолютнэ чемпионатым сыкъуэну сыхуейщ, Къыхэзгъэщынщи, си япэ «дыщэр» къыщысхар а категориерщ. Си хьэлъагъэм щыбанэхэм сазэрытекIуам грогуфIэ. А зэхьэзэхуэр зэпеуэхэм я нэхъыфIхэм, куэдыр дэзыхьэххэм ящыщщ, - пещэ Асльэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэм ящыщу Бырсекъуэ Исльэн килограмм 90 зи хьэлъагъэхэм я дежь 5-нэ увыпIэр зыкIыщихащ.

ТЕРКЪУЛ Мартин.

● Дзюдо

Къамбий Аслъэн къэралым и чемпионщ

ДзюдомкIэ Урысей Федерацэм и чемпионат Тэтэрстаным и кьалащхьэм мы махуэхэм щекIуэкIащ. Къэралым и спортсмен нэхъ лъэщхэмэ командэ нэхъыфIымрэ къыщыхаха зэхьэзэхуэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и дзюдоист 11 (цIыхуэхъуэрэ цIыхубзэрэ).

КИЛОГРАММИ 100-м щIигъу зи хьэлъагъэхэм я дежь зэфIэкI льагъэ щыщIыгъэлъэгъуащ Къамбий Аслъэн. Санкт-Петербург щыщ Михайловыр, Центральнэ федеральнэ щIыналъэм и лIыкIуэ Ратько, Урысей и медалист мэзкуудэс Хорпяковыр, дунейпсо зэхьэзэхуэм и пригер Нажмудиновыр хигъащIэри, ди лъахэгъур кIэуэ зэхьэзэхуэм нэсащ. Абы хьэрхуэрэгъу кьыщыхуэхъуащ 2010 гъэм Урысейм и вице-чемпион Бастанов Сослъэн. Челябинск и спортсменым дригъэкIуэкIа япэ егъэзырыкIуэныгьитIыр ЩэщIэкIами, Къамбийм зыззэщIикъуэжри, и ныкъуэкъуэгъуэм Iэмал гуэри иримыту, текIуэныгъэр къихьащ икIи 2011 гъэм Урысейм и чемпион хъуащ.

- Дэтхэнэ зэIущIэри гугъуу щытащ. Ауэ нэхъ хьэлъэр фичал ныкъуэ, кIэуэ зэIущIэхэрт. Си хьэрхуэрэгъуэ щытахэр Урысейм и командэ къыхэхам хэтащ. Абы-хэм ящыщ куэдым мызэ-мытIэу сахуэзат икIи хьилагъэ хэмылъэу, утекIуэну Iэмал щыIэтэкъым. Си хьэрхуэрэгъу, си ныбжьэгъу Бостанов Сослъэн зрегъэкIуэкIа зэIущIэр гугъу дыдэт. АрщхьэкIэ, сызэрефIэкIынтэ си фIэщ хуэрти, абы сыхущIэкъуащ. Си кIэн кIыхьри, иужьрей секундхэм ар зэуэ хэзгъэщIащ, - жеIэ Къамбийм.

Асльэн къызэрыхигъэщамкIэ, и текIуэныгъэр зыгъэса, и ехъуЛэныгъэ псомкIи фIыщIэ зыхуищI и адэ-анэм яхуищI тыгъщ. Ар чемпион хъуауэ и щхьэгъусэмрэ и къуэмрэ дежкъокIуэжк.

- Тюмень щекIуэкIыну дунейм и абсолютнэ чемпионатым сыкъуэну сыхуейщ, Къыхэзгъэщынщи, си япэ «дыщэр» къыщысхар а категориерщ. Си хьэлъагъэм щыбанэхэм сазэрытекIуам грогуфIэ. А зэхьэзэхуэр зэпеуэхэм я нэхъыфIхэм, куэдыр дэзыхьэххэм ящыщщ, - пещэ Асльэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэм ящыщу Бырсекъуэ Исльэн килограмм 90 зи хьэлъагъэхэм я дежь 5-нэ увыпIэр зыкIыщихащ.

ТЕРКЪУЛ Мартин.

Истамбыл макIуэ

● Алыдж-урым бэнэкIэ

Алыдж-урым бэнэкIэмкIэ Урысейм и командэ кьыхэхам и тренер нэхъыщхьэ Когушвили Гоги фокIадэм и 12 - 18-хэм Истамбыл щызэхэтыну дунейпсо чемпионатым кIуэнухэм я щIэ хэр кьриIуащ.

УРЫСЕЙМ и щIыхьыр пщIэшхуэ зиIэ а зэхьэзэхуэм щызыхьэмэнхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсмен, мы гъэм Европэм и чемпионатым якIуэ щыщIыхьэ Курамагомедов Заур (кг 60).

ГъэIуэ Светланэ,
КъБР-м СпортымкIэ, туризмымрэ курортхэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

ДыщэкI Хьэзрэт Новороссийск Астраханкlэ ехъуэж

● Футбол

УРЫСЕЙ и щIыхьыр пщIэшхуэ зиIэ а дзэсхэм гуп нэхъыщIхэм зыщаIэжьакъым.

Абы иужькIэ ДыщэкIыр Астрахань ирагъэблагъэри, ярэ дивизионым щыджэгуну Iэмал иригъэщащ. АрщхьэкIэ а гъэр новороссийскдзэсхэм яхуэуГурлакъым - ХьэзрэтI щахэмытыжкым, аэрэр етIуанэ дивизионым кьеухуэхьыжащ. Дауи, занщIэу ягу кьэжьжащ ДыщэкIыр. АргуэрУ кьадэIэпыкъуну кьыщыслъэIум, хуэгъэщIэхъуакъым икIи кIэух увыпIэхэм ящыщ зыр ИныгъуэIу увыпIэ ящыщ ящыщ. Ауэ ар ящыгъуэбуда Новгород Ищхьэрэ и «Волга» командэм и тренер нэхъыщхьэ кьулыкъур кьигъанэри, зи гуи, зи пси кIэрыщIа, ехьулIэныгъэ куэд щиIа «Черноморец»-р 2009 гъэм и кIэуэм и унафэм щIигъэуващ. Кьалэн нэхъыщхьэр - а командэр икIэщIыпIэкIэ ящ дивизионым тьэжьжьыратри, ар кьыкIэлъыкIуэ ильэсым зригъэхъулIащ. АрщхьэкIэ, арегъэрыкъти, я IуэхуР зэрефIэкIуэжу, и Новороссийск и «Черноморец»-м зэи хэтакъым.

ДыщэкIым Новороссийск джэгун щыщIидзащ абы и «Цемент»-р етIуанэ дивизионым а зэрыхэт льандэрэ. Командэм и гъуэгу япэ дивизионым, итIанэ премьер-лигэм кIуащ. ИужькIэ «Черноморец» зыкIащIыжам и капитанэу щытащ.

Джэгун ихри, тренеру кьагъэнэжащ. ЩIэсибгъу и пэкIэ ДыщэкI Хьэзрэт зи тренер нэхъыщхьэ Новороссийск и «Черноморец»-р япэ дивизионым щекIуэкI зэхьэзэхуэм щытекIуэри, аргуэру премьер-лигэм игъэзэжащ. АрщхьэкIэ, ди льэпкъэгъэ яфIэщIэлъэIуэри, нэгъэщIэм а кьулыкъур иратащ. ЩIыуауи кьыщIэкIащ - новороссийск-хьащ икIи 2011 гъэм Урысейм и чемпион хъуащ.

- Дэтхэнэ зэIущIэри гугъуу щытащ. Ауэ нэхъ хьэлъэр фичал ныкъуэ, кIэуэ зэIущIэхэрт. Си хьэрхуэрэгъуэ щытахэр Урысейм и командэ къыхэхам хэтащ. Абы-хэм ящыщ куэдым мызэ-мытIэу сахуэзат икIи хьилагъэ хэмылъэу, утекIуэну Iэмал щыIэтэкъым. Си хьэрхуэрэгъу, си ныбжьэгъу Бостанов Сослъэн зрегъэкIуэкIа зэIущIэр гугъу дыдэт. АрщхьэкIэ, сызэрефIэкIынтэ си фIэщ хуэрти, абы сыхущIэкъуащ. Си кIэн кIыхьри, иужьрей секундхэм ар зэуэ хэзгъэщIащ, - жеIэ Къамбийм.

Асльэн къызэрыхигъэщамкIэ, и текIуэныгъэр зыгъэса, и ехъуЛэныгъэ псомкIи фIыщIэ зыхуищI и адэ-анэм яхуищI тыгъщ. Ар чемпион хъуауэ и щхьэгъусэмрэ и къуэмрэ дежкъокIуэжк.

- Тюмень щекIуэкIыну дунейм и абсолютнэ чемпионатым сыкъуэну сыхуейщ, Къыхэзгъэщынщи, си япэ «дыщэр» къыщысхар а категориерщ. Си хьэлъагъэм щыбанэхэм сазэрытекIуам грогуфIэ. А зэхьэзэхуэр зэпеуэхэм я нэхъыфIхэм, куэдыр дэзыхьэххэм ящыщщ, - пещэ Асльэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэм ящыщу Бырсекъуэ Исльэн килограмм 90 зи хьэлъагъэхэм я дежь 5-нэ увыпIэр зыкIыщихащ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Зэпеуэхэр

Пашэ хъуахэр

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэ (2009 - 2015) гъэхэм» зыуэ щыт республикэ программэм ипкъ иткIэ, КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхуэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я дзлежьэныкмкIэ и министерствэм зи узынщагъэм сакъат иIэ сабийхэм папщIэ ирегъэкIуэкIащ «Си псэм и мамырыгъ» зэпеуэр.

Абы хэтыну жэрдэм зыщIа ныбжьыщIэ 40-м я зэфIэкIхэр унэтIныныгъи 5-кIэ зэщхьэщыхауэ къэпсыщтакIуэ гупым кьилыташ.

Зэхьэзэхуэм щытекIуащ:

«Декоративно-прикладной творчествэ» унэтIныныгъэм:

I увыпIэр - **Батыр Каринэ** (Зеикъуэ дэт школ-интернат №1).

II увыпIэр - **Налшык къадз** дэт «Эдельвейс» клубым и гъэсэн гупым; **Сатушы Мадинэ** (Приближнэ станицэм дэт школ-интернат).

III увыпIэр - **Зрайко Илья, ТыIэщ Астемыр, Иуан Юлэ** (Зеикъуэ дэт школ-интернат №1).

«Изобразительнэ гъэзэджэ» унэтIныныгъэм:

I увыпIэр - **Батыр Данил** (Приближнэ станицэм дэт школ-интернат).

II увыпIэр - **Гъэзнокъуэ Астемыр** (Налшык къалэ дэт курыт школ №25).

III увыпIэр - **Сатушы Мадинэ, Щобэч Рузанэ** (Приближнэ станицэм дэт школ-интернат).

«Художественнэ творчествэ, уэсэ къеджэн» унэтIныныгъэм:

I увыпIэр - **УэрдащИслъам** (Зеикъуэ дэт школ-интернат №1).

II увыпIэр - **Болагъы Заремэ** (Зеикъуэ дэт школ-интернат №1).

III увыпIэр - **Ахэмын Ланэ** (Прохладнэ дэт школ-интернат №4).

«Художественнэ творчествэ, уэрэд жыIэн» унэтIныныгъэм:

I увыпIэр - **Семэн Анастасие** (Налшык къалэ дэт Сабий щIалэгъуалэ творчествэмкIэ центр).

II увыпIэр - **Мэрзэлы Эльдар** (Налшык къалэ дэт Сабий щIалэгъуалэ творчествэмкIэ центр).

III увыпIэр - **Мэрзэлы Людмилэ, Халухаевэ Маринэ, Колотилинэ Анастасие, Ахэмын Марьянэ, Мальсагов Джамиля** (Прохладнэ дэт школ-интернат № 4).

«Художественнэ творчествэ, къаф» унэтIныныгъэм:

I увыпIэр - Приближнэ станицэм дэт школ-интернатым и гъэсэн щащэ гупым; **Куливе Къурмэн, Шэт Алинэ** (Налшык къалэ дэт Сабий щIалэгъуалэ творчествэмкIэ центр).

II увыпIэр - Прохладнэ дэт школ-интернат № 4-м и гъэсэн гупым; а школ-интернатым щыIэ **Гайтукиев Магомедрэ Ахьумащ Людмилэр**.

III увыпIэр - Зеикъуэ дэт школ-интернат №1-м и 3 - 4-нэ классэм щеджэ ныбжьыщIэ гупым.

ЩЫIПШ Даянэ.

Нэхъри зрагъэубгъу

Налшык къалэ администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и департаментым и ГъэщIагъэлI ЩIэджэм Заремэ изобразительнэ гъуэзджэмрэ дунейпсо художественнэ щэнхабзэмкIэ егъэджакIуэхэм я зэIущIэм зэрыщыкIамкIэ, мы гъэ сыкъуэтIэм ящ классым кIуэ ныбжьыщIэхэр мардэщIэхэм хуохьэу.

ЗэщIагъэлIым къызэрыхигъэщамкIэ, мыхьэнэщхуэ зиIэ а къалэм ящыщ ныбжьэкIынымкIэ адэкIи льэныкъуэкIэ сэбэп зихьлыр зэчиифIэ сабийхэр хуэхъуэнымкIэ еджакIуэ цIыкIуэхэр зэпеуэ зэмылIуэжьыгъуэхэм хэтыныр. Изобразительнэ гъуэзджэмкIэ егъэджакIуэхэр, я гъэсэн цIыкIуэхэр ящIыгъуу, КъБР-м и Правительствэм, Льэпкъхэм я унэ Мэзкуу дэтым, Урысейм и сурэтыщIхэм я зэгуэныгъэмрэ ди лъахэгъу сурэтыщI-модельер Пажь Альбинэ и фондымрэ зи кьызэрэпэщакIуэ «Нартхэм я хьуГуэфIыгъуэхэр» дунейпсо сабий-ныбжьыщIэ зэпеуэ-фестивалым хэтащ.

- Нэгъабэрей гъэджэгъуэм зэпеуэ-фестивалым и лауреат хъуахэм яхэтащ Налшык дэт гимназие №29-м и еджакIуэхэри. А IуэхугуфIэм кьалэм егъэджэныгъэмкIэ и ГъэщIагъэ псори кьыхьыхьамэ ди гуапэт. Абы кьыхэкIыу зэIущIэм кьедгъэблагъащ композитор ХьэIупэ Джэбрэ1ил, сурэтыщI Бгъэжьнокъуэ Заурбэч, профессор Гъут Iэдэм, «Нартхэм я хьуГуэфIыгъуэхэр» зэпеуэ-фестивалым и кьызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщI Пажь Борис сымэ. ДихьщIэхэм 2012 гъэм и гъатхэпэм кьалэ зэпеуэ-фестивальзэIуха егъэкIуэкIыныр кьыхьадгъхьащ. Абы хьыхьнущ «Декоративно-прикладной фызэджэ», «Вокал, дъэпкъ макъамэ IэмэпсымэхэрI», «НартхэрI» лIыхъужь эпосым теухуа эсее» номинацэхэр, - жIащ ЩэджэмЗаремэ.

Тхьилъ хъумапIэм и унафэщI Емуэ Анатолэ и жэрдэмкIэ ирагъэкIуэкI акцэм библиотекэм тыгъэ зрыльж зыщI дэтхэнэри ирагъэблагъэ. ІэнатIэм и лэжьакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, ди республикэм и студентхэм, школакIуэхэм, щIэныгъэрылажьхэм я деж-кIэ мыр хуабжьу Iуэху щхьэпэщ. Сыту жыпIэмэ, илъэс кьэс ди щIыпIэм кьыщыззIуах еджапIэхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ.

Зэрырагъаджэ методикэ, тхьилъ зэпэубыдащхэм щIэупщIэхэр зэхьыбэ мэхъу, ауэ гъэтIылъыгъэхэр кьомащIкIэ. Мы акцэм и пэ теуэгъэуцуэ и фIыгъэкIэ, Iуэхур нэрылъагъуэ ипэкIэ мэкIуэтэ. ЩIэупщIэ зиIэ тхьилъхэр ди щIэблэм кьахуэсэбэпащэрэт жьызыIэ куэд дяпэкIи кьызэрыкьэуIыным щэч кьытраIэкъым.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Жэрдэмыр даIыгъ

МЭЛБАХЪУЭ ТИМБОРЭри цIэр зезыхьэ республикэ тхьилъ хъумапIэм пещэ «Библиотекэм тхьилъэр тыгъэ хуэщI» кьыхуеджэнэныгъэм щIэту 2011 гъэм и пащIэдзэм къыхалъхьэ Iуэхум. Абы и етIуанэ Iыхьэр тещIыхьащ библиотекэм и тхьилъ гъэтIылъэхэм хэгъэхъуэным и мызакъуэу, электрон щапхъэхэм тету лажьэ къудамэм и зэфIэкIым зегъэубгъуным. Тхьилъеджэм джежIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ мы Iуэху щхьэпэр къызэрыхалъхьэрэ щIэныгъэ, художественнэ, сабий тхьилъхэу, зэрырагъаджэ методикэу щ ёжьигъэзэм, библиотекэм и гъэтIылъныгъэхэр ягъэбэгуащ.

КIэфо Сталинэт и сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ гупыщхуэм Псыхуабэ къалэм зыщагъэнэсху, зыщапльых.
Сурэтыр 1936 гъэм щыщыIуэм 17-м трахащ.

● Аруан куей

Зыхуей хуагъазэ

КУРЫТ еджапIэхэм къадэкIуэу гъэ еджэгъуэщIэм сыт и лъэныкъуэкIи хуагъэхьэзыращ Аруан куейм и сабий-ныбжьыщIэ спорт щIыпIэ. Мы ныбжьыщхэр зэрахьащ, унащхьэ зыхуей хуагъазащ. Псом хуэмыдэу егуГуащ школым и Iэгъуэблагъэр зэтес щIыным икIи бордюркэм сэку ираташ, кIыхьэ есэкIа удз лъахъшэрыкIхэр екIуу яухъунщIащ.

ДЮСШ-м и пащIантIэр ягъэдэхащ удз гъэгъахэмрэ щхьэцантIэ зэхэмкIэ. Аруанэ лэжьыгъэхэр щекIуэкIа еджапIэр гъэ еджэгъуэщIэми КъБР-м и къэралыгъуэм и махуэми екIуу IущIащ.

ФокIадэм и 1 - 2 махуэхэм мыбы спорт лIужьыжьгъуэ куэдхэмкIэ щызэхьэзэхуащ Аруан районым и спортсмен нэхъыфIхэр. Куей администрацэм, егъэджэныгъэмкIэ управленэм, Роспотребнадзорым, мафIэс къэмыгъэхъунымкIэ Iэнатlэм, прокуратурэм, МВД-м я лэжьакIуэхэр хэту кьызэрагъэпэщащ комиссэм зригъэлъэгъуащ Аруан куейм хьмэ жыпIагъэкIэ гъэ еджэгъуэщIэмрэ КъБР-м и къэралыгъуэм и махуэмрэ зэрыхьэзэзэр щыкIэр. Къэпщытэнэгъэм къызэрыгъэлъагъуамкIэ, мы районым и еджапIэ 30-р фокIадэм и 1-м сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуагъэзауэ ирихьэлIащ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

●КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Жэуапым ирашалIэркъым икIи ахъшэ къыпокIуэ

УФ-м и МВД-м Прохладнэ куейкIэ и къудамэм зэрыщытахэмкIэ, хабзэм къемыдэгъэнуу яхъуэм Iэщэр щыхуитIым къатащ.

ПРИМАЛКИНСКэ къуажэдэсым зыщIыпIи щамытхауэ ильэс куэд хъуауэ ихьумэ «ИЖ-12Е» щакIуэ фочыр итыну мурад ищIащ. Республикэм щекIуэкI «Iэщэ» лэжьыгъэм абы жэуапыр щхьэщахьну, мыльку гуэри къыIэрыхьэну Iэмал къиратащ.

«ТОЗ-12» щакIуэ фочыр итащ Новопокровскэ хуторым щыпсэу 1956 гъэм къалъхуа щIыхьэм. Абы зэрыжиIэмкIэ, ар зэрызыIущIитгъэкIыну Iэмал куэд щIауэ кьиIыхьэхэт.

Лэсхэн куйм хьыхь Ташлы-Тала щыщ цIыхухъуэм К102-57 фочыр щариты кьызэрыхигъэщамкIэ, Iэщэр езыр щыпсэу хуэажэм адэкIэ мэзылъэ щIыпIэм кьищигъэтащ. Ар «Криминальнэ Iэщэ» баэзм кьащIымыгъэлъэгъамэ, тхылъэр хьэзыр ящIа нэужь, абы щIэту ахъшэр иратынущ.

Къэралкъуэ Iуэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

КъБР-м щыIэ Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦIЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIымыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ),**Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхьI секретарь), **ГъущIо Зариф, Исэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ щIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ льэныкъуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; цIыхубзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядлежьыныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеи - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэтчэхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхахэм пэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щытыкIым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дольагъ КъБР-м федеральнэ пощтэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Ленинымрэ щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыджьIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Къашпокъуэ Элэ,** редактору **Уэрдокъуэ Женя,** корректорхэу **Пхытыкl Юрэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* корректорхэм я дзэныкъуэгъу **Мырзэкан ФатIимэ.** *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр щыдгъэжьащ* Мэлбахьуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* **Биду Жанэщ.**

Номеры "Адыгэ псалъэм" и компьютер ІэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 8.878 ● Заказ №3200